ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И І ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№92 (24.062) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 4, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЩІыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэр щызэпкърах

УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрийрэ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Чайкэ Юрийрэ дыгъуасэ ирагъэкІуэкІащ КИФЩІ-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэ игъуэтыным, апхуэдэуи щэнхабзэм, спортым, туризмэм ехьэлІа Іуэхухэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Видеоконференц мардэм тету абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІахэм фІэхъус псалъэкІэ защыхуигъазэм полномочнэ лІыкІуэм Вице-премьер Чернышенкэ Дмитрий фІыщІэ хуищІащ Кавказ Ищхьэрэм хьыкъ щІыналъэхэм зегъэужьыным гулъытэ хэха зэрыхуищІым, кьаэзрыдэІэпыкъым папщІэ.

«Зэман гъунэгъум бжыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр нэхъыбэу хапщэ зэрыхъунум и фІыгъэкІэ экономикэм и зэхэлъыкІэм зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр щекІуэкІынущ, абы федералъ

Щыналъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэр щызэпкърах

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Къимыдэкіэ, къыззэрыхагъэщащи, «Бжьигъэр зи лъабжьэ къэрал управленэр» федеральнэ проектыр гъэзэщІэным хьыкъу Къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьабзэхэр щыхущІэ зыУэ щыт порталым щыхапщащ щыхуэхэм зэрызыкъыхуагъэзэ Іэмалхэм зегъэужьыным хуэгъэпсэ бжыгъэ платформэр. Ар къагъэсэбэпурэ щыхуэхэм къэрал властым и органхэмрэ щыІпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэмрэ я лэжьакІэм теухуа тхьэусыхафэхэмрэ я жэрдэмхэмрэ зыхуэфащэхэм хуагъэхьыфынущ.

«Урысейм Бжьигъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкІэ, связьмрэ щыхуэбгъэ коммуникацэхэмкІэ и министерствэм зэрыІитІэкІащ щыхуэхэм зэрызапищІэ платформэхэм и лэжьыгъэр зэтеухуэным ехьэлІа пІэ Іыхьэр. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хьыхь щыІналъэ псоми жаІащ абы и лэжьыгъэм зэрыхуэунэ», - кІыхьигъэщхьэхукІащ министрым.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Яриловэ Ольгэ къыззрыхигъэщамкІэ, «Щэнхабзэм зегъэужьынымр» къэрал программэм Іыхьэ щхьэхуэ къыщыгъэлъэгъуащ, КИФЩІ-м псынщІэу зегъэужьыным хуэунэтІауэ.

2019 гъэм программэр гъэззэщІэным хуэунэтІауэ Щэнхабзэмкіэ министерствэм Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм кахуиутІыпщащ som мелардищым нэблагъэ. 2020 гъэм я мурадщ а Іэхуэм som мелард 1,5-рэ хухахыну.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ 2024 гъэ пщІондэ КИФЩІ-м и щыналъэхэм som мелард 5,5-рэ кІыхьатІыпщыну яубзыхуащ.

«2020 гъэм дэ къалэныгъэ зыбжанэ хьытпэщытщ. Мыхьэнэшхуэ иІэщ федеральнэ бюджетым кІыхьэКІ мылъкур сэбэпынагъ нэхъыбэ къыпкІуэу къэгъэсэбэпыным. Илъэс кІуам къигъэлъэгъуащ ар зэрытхуэзэфІэкІынур, щыналъэхэм быдэу дапыщІауэ дадзэлажьэмэ, кІэлъыплъынагъэ тэмэм щыІэмэ - федеральнэ центрым къыбгъэдэкІыу щыналъэ иКІи адэкІэ муниципалитетхэм, жылэ хэхам, Іуэхущ1апІэ пыухыкІам яхуэгъэзауэ зэтеухуамэ.

ЕтІуанэрауэ, лъэпкъ проектым и Іыхьэ псори гъэззэщІэнми мыхьэнэ хэха иІэщ. Илъэс кІуам къыркІуам тепщІыхьмэ, КИФЩІ-м къыщыхалъхьэ дауэдапщэхэм щыхуэр къыззрекІуэлІамкІэ федеральнэ округ псоми етІуанэ увыпІэр щиубыдащ. Дэ, шэч хэмылъу, щыщхьэІуэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэнщ а лэжьыгъэм къыркІуэхэм иКІи, мы илъэсым къыдэкІуа гугъуехьэхэм емылъытауэ, «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр проценти 100-кІэ гъэззэщІэнри зэдгъэхъулІэнщ», - жиІащ Яриловэ Ольгэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, инвестицэ программэхэм тету, щыху куэд зыхэт спортымрэ спорт инфраструктурэмрэ зыщегъэужьыным теухуауэ хъэпсэлъащ Урысей Федерацэм спортымкІэ и министр Матищын Олег.

Абы зэрыжиІамкІэ, КИФЩІ-м хьыхь щыІналъэхэм мы зэманым щахуэу е щызэрагъэпэщыж спорт объект 87-рэ. А мурадхэм трагъэкІуэдэну 2020 гъэм хухахащ som мелардитІым щІигъу.

Абы къыдэкІуэу, 2021 - 2022 гъэхэм къриубыдэу «Спортыр ди псэукІэм и мардэщ» федеральнэ проектым хьыхьэ яухуэну е зэрагъэпэщыжыну я мурадщ иджыри спорт уэхэнигъэ 18.

ТуризмэмкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІ Догузовэ Заринэ зэпкърыхауэ къыгеувыІащ Урысей Федерацэм и «Экономикэ зыужьыныгъэмрэ щІэм тет экономикэмрэ» къэрал программэм и программэ къуэдзэ «Туризм» жьыхуиІэм хьыхьэхэм иКІи КИФЩІ-м щыщ щыналъэхэр зыІууэгугъуехьэхэм къыхэКІыныжмкІэ щыІэхэкІыпІэхэр зэпкърихащ, абы туризм Іэнатіэм зегъэужьыныр хьыхьэу.

Къапщтэмэ, и гугъу ищІащ КИФЩІ-м зегъэужьыныжмкІэ щыІэ Іэмалхэм хэзыгъэхъуэну туристыр, санаторэ-курэпсэхуэпІэ, нэгъуэщІ инфраструктурэ къызэрэпэщыным. ЗэІуІэм къыззрыщыІуэрэ щыналъэхэм, УФ-м и Президентым пщэрылъ къаззрыщыщІам тету Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм зэхелъхьэ «Туризмэмрэ хьэщІэ егъэблэгъэным и индустриемрэ» лъэпкъ проектыщІэр.

«Лъэпкъ проектыщІэ зэхэлъхьэным Іэмал къитынущ федеральнэ Іуэхущ1апІэхэм (Туризмэмкіэ федеральнэ агентствэм, Урысейм Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм, Урысейм Транспортымкіэ и министерствэм, Урысейм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Урысейм СпортымкІэ и министерствэм, Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэм), къэрал властым и щыналъэ органхэм, Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэм, къэпщытакІуэ, Іэщ1агъэл1 зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІуэныжмкІэ, Урысей Федерацэм туризм и лъэныкъуэкІэ езыхэм пхагъэкІа, зрагъэхъуПа жэрдэмхэр, проектхэмрэ Іуэху щхьэхуэхэмрэ къыхалъхьэну», - жиІащ Догузовэ Заринэ.

ЗэІуІэм зэщыщхэлІуа Іуэхуэм ятІэ щІэрыльхэр ящ ящІащ. Ар ахъшэ ІэпэлІыпІэныгъэ щхьэхуэм щІагъэуващ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

«Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр вгъэмащІэ хъунукъым»

Къэбэрдей-Балъкъэрым Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и коллегием и зэІущІэ зэхэтащ иджыблагъэ. Абы щыхэплъэжащ щэнхабзэ, гъуаздж, хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэр 2020 гъэм и япэ мазихым зэрылэжьам, апхуэдэуи къэнэжа илъэс ныкъуэм я гулъытэ нэхъыщхьэр зыхуэунэтІауэ щытыну къалэнхэр яубзыхуащ.

ВИДЕОКОНФЕРЕНЦ мардэм тету къызэрагъэпэща зэІущІэ зыубгъуам хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, Іэнатіэм ия Іыхьэ Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІэр, республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыщыпсалъэм къыхихыжащ пандемием и хабзэхэм тетын хуей зэрыхъуам гугъуехь мымащІэхэр къыдэкІуам, Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм абыхэм хэкІыпІэхэр къыхуагъэтын зэрхуэзэфІэкІар иКІи я пщэ къыдахуэ къалэнхэр ягъэззэщІэным зэрыхущІэхьуар. Абы пащІэ ГъуазджэМ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм къагъэсэбэпащ онлайн Іэмалыр.

Министрым зэрыжиІамкІэ, 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм я лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэу щытащ «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгъуаехр гъэззэщІныр, Іэнатіэм и материально-техникэ лъабжьэр гъэбыдэныр, лэжьакІуэхэм я Іэзэгъэм хагъэхъуэныжмкІэ щІэгъэкъуэн яхуэхъуныр, цІыхубз творчествэм зегъэужьыныр, республикэм щыпсэуэхэм щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм щыгъуаз зещІыныжмкІэ Іэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр.

«Щэнхабзэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ республикэм и муниципальнэ щІыналъиблым щауху е щызэрагъэпэщыж Щэнхабзэм и унэу 10. А лэжьыгъэхэр мы гъэм и дыгъэгъаззэм ирихьэлІэу зэфІагъэкІыну я мурадщ.

2020 гъэр Фэеплъымрэ щІыхьымрэ я илъэсу щагъэуващ къэралым, 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм Текіуэныгъэ къызрещащахьэ илъэс 75-рэ зэрырикъум и дамыгъэу. КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, КъБР-м и муниципальнэ, творческэ зэгухьэныгъэхэм, хьыбарегъащІэ Іэнатіэм ящІыгъуу, къызэригъэпэщащ иКІи иригъэкІуэкІащ а махуэшхуэм теухуа, мыхьэнэшхуэ зиІэ жылагъуэ-щэнхабзэ Іуэхуэхэр.

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щэнхабзэ-уэзщІыныгъэ Іуэхуу 2600-рэ ягъэхьэзыращ иКІи ирагъэкІуэкІащ. Абы щыхуэхэр зэхуамышэсу, зэпэзэщІэу екІуэкІаэхэр яхэтщ.

Министерствэм гулъытэ хэха хуещІ ныбжьыщІэ зэчиифІэхэм я зэфІэкІхэр къызыкъухьанымкІэ защІэгъэзекъуэным. Абы и лъэныкъуэкІэ екІуэкІ лэжьыгъэфІхэм ящыщщ щІалэгъуалэр зэрагъэгушхуэр, гъуазджэмкІэ сабий еджапІэхэр зыхуэй хуэзэу зэрызэрагъэпэщыжыр.

«КъБР-Медиа» Іэхущ1апІэм и лжьыгъэм щынэхъыщщхьэу щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ къэралымрэ къыщекІуэкІ Іуэхуэхэм, республикэм и къэрал властым и органхэм я лэжьэкІэм, ди щІыналъэм и хьыбарыфІ къэралым щыІуным я нэІэ тетыныр, лъэпкъ проектхэр гъэззэщІэным и Іуэху зыІутым, жылагъуэ-политикэ, щэнхабзэ Іуэхуэхэм, коронавирус узыфэ зэрыщІалэм теухуауэ КъБР-м щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм, УФ-м и Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэм цІыхубэр щыгъуаззэ щІыныр.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэхэр зэрылэжьар къыззрыщыхъур жиІащ иКІи Іэнатіэм и лэжьыгъэр адэкІи зэтеухуауэ екІуэкІыным ещхьэпІа къалэнхэр къыгъэуващ иКІи щэнхабзэм и Іуэхущ1апІэхэр я лэжьакІуэ бжыгъэхэр бгъэмэщІэнкІэ Іэмал зэримыІэр къыхихыгъащІ.

Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Марат къыщыпсалъэм къыхихыгъащ къытщІэхъуэ щІэблэр хабзэ дахэ яхэлъу гъэсэныжмкІэ, мыхьэнэшхуэ зиІэ къэхъуэкащІэхэр цІыхубэм я бжьэ нэхъсыныжмкІэ щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэмрэ мыхьэнэшхуэ зэраІэр иКІи абыхэм пэрытхэм ехъуэхъуащ я лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щаІэну.

Студентхэр трагъэгушхуэн папщІэ

«Россельхозбанк»-м ди щІыналъэм щиІэ къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш университетым щеджэ студент зэчиифІэхэм я стипендием хигъэхъуащ.

ІУЭХУЩІАПІЭР къызэрызэрагъэпэщІрэ илъэс 20 щрикъум ирихьэлІэу абы мурад ищІащ 2020 - 2021 гъэ еджэгъуэм щІэныгъэ Іьагэ, зэфІэкІ къэзыгъэлъагъуэ студентхэм мылъкукІэ ядэІэпыкъуну. Илъэс кІуам банкым иригъэкІэкІа къэхутэныгъэм къигъэлъэгъуащ гулъытэ зыгъуэта еджакІуэхэм зыІэрагъэхьэ екъуІэныгъэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Абы ипкъ иткІэ дызыхуэкІуэ гъэ еджэгъуэм банкым стипендие иритынущ Урысейм ит мэкъумэш еджапІэхэм щІэс студент пажэу 396-м. Мазэ къэс ират ахъшэм процент 25-кІэ хигъэхъуэнурэ, ар сом 12500-рэ хъунущ.

Абы папщІэ РСХБ-м иригъэкІуэкІ зэпеуэм уэхтэм хуэйщ. Стипендиер къихьын папщІэ студентыр фІы защІэкІэ еджэм и мызакъуэу, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр иригъэкІуэкІыу, университет гъащІэми жыдэжру хэту щытыпхъэщ.

Апхуэдэу, илъэс кІуам зэпеуэм пхыкІащ КъБМУ-м Экономикэмрэ управленэмкІэ и факультетым и 4-нэ курсым щеджэ ГъІэ Миленэ. Пщащэр бюджетым къыхэкІ мылъкукІэ еджэхэм ящымыщи, тегушхуэри, «Россельхозбанк»-м къыззрегъэщІэн зэпеуэм хыхьат. ИкІи гъэ еджэгъуэ блэкІам абы банкым и стипендие къихьащ. Миленэ зэрыжиІамкІэ, а Іуэхум тригъэгушхуэри, иІэ екъуІэныгъэхэри нэхъыбэ хуащ. «Банкым къыхихьа Іуэху дахэм ипкъ иткІэ мылъкукІэ дэІэпыкъуныгъэ дгъуэтым и мызакъуэу, стипендие программэр щхьэусыгъуэфІ студентхэр Іуэхуфіхэм тегъэгушхуэнымкІэ, абыхэм заужьынымкІэ», - жеІэ абы.

Апхуэдэу къыхэсэщІапхъэщ Іуэхур агропромышленнэ комплексым Іэщ1агъэлІ нэсхэр къыхэшышынымкІи зэрысэбэпыр.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Хъыбар гуапэ

Югославием и лІыхъужь

ИЛЪЭС заулкІэ уэзІэбэкІыжмэ, си нэм езгъэІэзэу сымаджэщыр сыщІэлът. Мыгувэу къагъэгъуэлъащ и зекІуэкІэкІи, и псэлъэкІэкІи, и увыкІэкІи адрейхэм къащхьэщыкІы тІорысэ Іэбыдэлъэбыдэ. Зэуэ ар зыгуэркІэ езгъэщхьат куэд щІауэ си ныбжьэгъуфІ, зи лІыгъэр жьжьэ нэса, Абазакт къуажэ мыиным щыщ Хьэжым Іэдэмей.

СфІэгъэщІегъуэн хъури, нэІуасэ зыхуэсщІащ. Ар Краснэ Восток къуажэм къикІа Хутэ Арделт. Къалэм сызэрыщІэсыр, редакцэм сызэрыщылажьэр къыщищІэм къэгуфІащ, къызэупщІащ Хьэжым Іэдэмей сцІыхухэр сымыщІыхухэр.

Дауэ сымыщІыхунрэт апхуэдэ цІыху цІэрыІуэр, Югославием и лІыхъужь адыгэлІ хьэлэмэтыр, - сыкъэгуфІащ, Арделт зыгуэркІэ сыхуэщхьэпэфынэ къэслъытэри.

- Абы и телефоныр уимыІэу пІэрэ? Сыхуэзэну сыхуейщ, Іуэхум дыкъыдэмыхузурэ куэд щІащ зэрызмылъагъурэ, Югославием дыздэщыІащ, дызДэзэуащ, - жиІащ.

- Іэдэмей и телефоныр сыщІэлъэныхъуэн щыІэкъым, - жысІэри зэуэ сыпсэлъащ, Арделт и щІэр, здэщыІэр жеслащ. Дакъыкъэ бжьыгъэ нэхъ дэкІагъэнтэкъым къыщысам, сымаджэщым пэгъунэгъуу псэуртри.

«Чокэ, сыту псынщІэу укъэса», - жиІэри лІышхуитІым гуапэу Іэплъэ зэхуащІащ.

ТхъэмахуэкІэ Арделрэ сэрэ дызэгъусати, зы махуи димыгъэкІыу къэкІуащ Іэдэмей, югославэ хъыбарри сызрагъэдэІуар гъунэншэщ.

- Сыт, Арделт, уи ныбжьэгъум «Чокэкіэ» ущІеджэр? - схуэмышыІэу сеупщІащ.

- Ар хъыбарышхуэ, хъыбар кІыхь мэхъу, - жиІащ. Ауэ абыи сыкъригъэдэІуащ.

А псори мы тхыгъэ мыиным щысхужьІэжынукъым. КІэщІу сытепсэльыкъынщ. Іэдэмей 1940 гъэм къулыкъым зэрашэу фин зауэм хэхуащ. И ныбжькІэ щІалэ дыдэми, зыхэхуа дзэм псынщІэу къахэщащ и жанагъкІэ, Іэкіуэльакіуагъкіэ. Зыхэт дзэр щэнщэ, дзэпІэкъуэгъуншэ хъури, гъэрыпІэм иувэным нэсат. Ауэ Іэдэмей лІыгъэшхуэ зэрихьэри, бийм и шэ-гъин Іыгъыпіэхэр къигъэтащ, дзэри гъэрпІэм къришыжащ. Иужьрей махуэм къыдэкІа «Боевая тревога» дивизэ газетым тхыгъэшхуэ къыстехуащ «Совет Союзым и ЛІыхъужь Хьэжым Іэдэмей и лІыгъэр» фІэщыгъэщІэр иІэу. Батальоным и командирым тхылъхэр игъэхьэзырри, ищхьэкІэ тет унафэщІхэм яІэригъэхьат. Ар къыфІамыщу Хэку зауэ иныр къэхъеІри, абы хэзэрыхьыжащ, «Вагъуэ Плъыжь» орденымкІэ Іуэхур зэфІагъэкІащ.

Зэуапіэ зэхуэмыдэхэм Іуту екІуэкІыурэ, зэхуэ гуащІэ гуэрым уІэгъэ хьэлъэ щыхъури, Іэдэмей гъэр ящІащ.

Зэрыхуэ лъэхъуэщщр шыгаГуэт, цІыхур икІуадэрт. Іэдэмеи зэ-тІэу хьащІэпхъэщ, зыгуэр имыщІэмэ, псэууэ къызэрымынэнур.

Нэмыцэхэм лагерым исхэм къыхахырт Югославием и партизанхэм ирагъэзэуэн гуп. Тегушхуэри, захриГэтхащ. Куэд дэмыкІыу ирагъэтІысэхащ Югославием, я куэлыкъуми бгъэдагъэуващ. Іэдэмей ягъэкІуащ гъэру къаубыда партизан щІалитІыр зыщІэс хьэпсыр ихьумэну. ЗдыІутым, зэрымыщІэкІэ кІыхуэзэ хуэдэу, зы бзыльхуГэм зыкъыхуигъэзащ.

- Мы пхъумэ щІалитІыр пщэдджыжь яукІынущ, зыгуэру къыддэІэпыкъу, - къеІуащэщащ.

Іэдэмей къыгурыІуэри:

- Сэ Урысейм сыщыщщ, концлагерым сисащ, партизанхэм запыщІэну сыхуейт, - еІущащжащ.

- Абы щыгъуэм ныжжбэ сыхьэтыр тІум къыдэжьэ, - кІэбгъу зищІыжащ фызым.

Іэдэмей и зэхъуэкІыгъуэ дыдэр а пІалъэм техуати, къищтапхъэу къильытэхэр къищтэри, хьумакІуэ кІуащ. ЩызэрауІыпІа зэманым фызыр къыкъуэкІащ, здэкІэ зыкъагъэлъэгъуащ Іы гуэркъэми. ЩІалэхэр зыщІэс хъэпсыр унэжь цІыкІу гуэрти, и щІыб щхьэгъубжэр хаудри, щІалитІыр къыщІащІыжащ. Іэдэмей абыхэм гъусэ захуищІри, мэзым щІыхьэжащ. Фызымрэ щІалитІымрэ дзыхьщІэгъу тхылъ хуэхъури, гурыщхъуэ гуэри къыхуамыщІу ящтащ. Хуабжь дыдэу къыщыгуфІыкІащ зэрыадыгэр къыщащІэм, партизанхэм яхэт адыгэ щІалэхэри ныбжьэгъу къыхуэхъуащ.

Ар хэхуащ партизан отряд зэгъэзэщІам, нэмыцэхэм я псэр хэзыхьам. Абы и командирым зэреджэр «Чокэт», и щхьэм папщІэ нэмыцэхэм ахъшэшхуэ ягъэнэІуат.

Зэуэ Чокэм Іэдэмей игу ирихьащ. Ягъэй зэхуэу гуащІэм лІыгъэ къыщыщІагъэльагъуэм, ягъэщІыкІэ гупмыиным, итІанэ батальоным и командир ищІащ. Мыхъэр ягъахъэрт Іэдэмей и щІэлэхэм, бийм псэжгъуэ иратыртэкъым, нэхъ здэгъгуэм, нэхъ здэшынагъуэм ягъакІуэрт ахэр.

Нэмыцэхэм ягъэхьэзырырт зэхэуэ ин. Партизанхэри бэлэрыгъыртэкъым. Ауэ зауэр щызэхаублэм, зы щІыпІэм деж гупыр щызэпытхъа хъащ. ЗауэлІхэм ядэІэпыкъуну абыкІэ зызыдза Чокэ нэмыцэшэм ихьащ. Ар хэщІыныгъэшхуэт Югославием и партизанхэмкІэ. А хэщІныгъэр нэхъ мащІэ хъуну къалъытащ абы и пІэм Іэдэмей ирагъэвэмэ. Псори зэдзэрэзэныу «Чокэ» и цІэр къыхуагъэнэжащ Хьэжымым. Арат Ардели «Чокэкіэ» щІеджэр.

Хьэжым Іэдэмей зауэр Югославием щиухащ. Щхьэхуитныныгъэм щІэбэн цІыхухэм абы яхуиІащ зыщагъэгъупщакъым. Къыхуагъэфэщащ абы щыгъуэм щыІа нагъыщэ ин дыдэхэр: «ЛІыхъужьныгъэм папщІэ» ордену 3, медалу зы. Загреб къалэм и уэрамхэм ящыщ зым адыгэлІым и цІэр зэрехь.

Апхуэдэ ЛІыхъужьым иригушхуэу, и цІэр лъагэу иІэтын хуеящ зыщщ къэралым. Арщхьэкіэ гъэр зэрыхъуар, гъэрэщым къызэрикІыжа щыкІэр палъхьэри, хьэпс ящІащ, зауэм хэтауи къамылъытэурэ гугъу ирагъэхьыжащ.

Арами, хьэпсым здисами и лІыгъэр зэрилІыгъэу къэнэжащ. Норильск пэмыжьжьэу щыІпІэ гугъу дыдэм щригъэщІа ГъущІ гъуэгу станцым нобэми Хьэжым Іэдэмей и цІэр зэрехь.

2000 гъэм дунейм ехьжащ Югославием и лІыхъужьыр.

ДАУР Жэхьфар.

● Къэбэрдей-Балъкъэрым

Балъкъэр Ипщэ къуажэр щІыпІэ дахэм щопсэу. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Нобэрэ пщэдейрэ

Шыщхьэ1уи и 4, *гурыб*

♦ГъущІ гъуэгу лэжьакІуэм и махуэщ

♦1662 гъэм Москва цІыхухэр къыщыщзэрыІэтащ домбеякъым къыхэщІыкІа ахъшэ къызэрыщІагъэкІыр ямыдэу. Ар дыжьын ахъшэм хуагъадэрт, я сомым къыщІэкІыр нэхъ мащІэ, ят налогыр нэхъыбэ хъуати, цІыхубэм ар ягу техуакъым иКІи цІыху минипщым нэблагъэ пащтыхьым и деж тхьэусыхакІуэ кІуэну зэрехьэжащ. Я Іуэхум хэплъэну Романов Алексей пащтыхьымрэ абы и блигущІэтхэмрэ цІыхубэр къагъэгугъэри, ахэр пІалъэкІэ - дзэр къэсыхукІэ зэтраугъэфащ. Бжэгурэ Іэдакъэсэрэ фІэкІа зымыбыІгъ цІыхухэм дзэр ятегупІащ иКІи а зэпэщІэтыныгъэм къалдаг 900 абдежым щыхэкІуэдащ.

♦1777 гъэм Лондон дунейм щыпэу цирк къыщыщзэІуахащ.

♦1836 гъэм Москва и Кремлым и пщІантІэм щагъэуващ Пащтыхь-Тхьэгъуэ жьыуаІэр. Щагъэжа щыпІэм деж илъэсищэм нэблагъэкІэ щылъащ ар, тонн щитІым хьэблагъэ и хьэлъагъэ ти, къахуэмыгъэхьейуэ. Архитектор Монферран Огюст ар къэпІэту бгъэІэпхъэ зэрыхъуну Іэмалыр кІиГупсысри, щыщхьэуІум и

4-м тхьэгъуэшыр трагъэуваУэ щытащ абы хуагъэхьэзыра лъаганІэм.

♦1888 гъэм Томск къалэм университет къыщыщзэІуахащ.

♦1892 гъэм Ульянов Владимир (Ленин) хеящІэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыну хуит ящІащ.

♦1902 гъэм къызэІуахащ Темзэ псы щагъым щаукъуэдия лъэс зекІуэлІэр. Абы зэпищІат Лондон и хьэблит.

♦Америкэм щыщІэдзащ джаз музыкант, композитор щэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, дзэ оркестрымрэ хорымрэ я дирижёру щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и цІыхубэ артист, Лениным, Сталиным я щІыхькІэ щыІа саугъэтхэр зрата, генерал-майор **Александров Борис** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Курджымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦ЩІэрыльэлІ, абхъазадыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Курджымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Шыкъ Михаил** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Палестинэм и унафэщІу щыта **Арафат Ясир** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал къулыкъущІэ, Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэу щыта **Абдулатипов Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор **Іэкіатэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦США-м и президенту щыта, Нобель и саугъэтыл и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Къэхъулъатэзэхуэ, Урысейм и ЛІыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхьунущ.

Шыщхьэ1уи и 5, *бэрэжьей*

♦Светофорым и дунейпсо махуэщ. 1914 гъэм США-м щыщ Кливленд къалэм щыфІадзащ иКІи къаГъэсэбэпу щыхуежьащ япэ светофорыр.

♦1789 гъэм Франджым пщыІыгъэр щагъэкІуэдыжащ.

♦1884 гъэм дуней псом цІэрыІуэ щыхьуа скульпторэм - Щхьэхуитныныгъэмрэмрэ я статуем - и лъабжьэр Нью-Йорк щагъэтІылъащ.

♦1940 гъэм Латвиер СССР-м хагъэхьащ.

♦1941 гъэм Одессэ къалэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыхьумэным теухуа зауэм щІидзащ. Ар махуэ 73-кІэ екІуэкІащ.

♦1943 гъэм Сталиным и унафэкІэ Москва хьэрэкІыгІэхэр щыдгъэлъэтеящ Хэку зауэшхуэм къыщахьа япэ текІуэныгъэхэм я щыхькІэ - Орёл, Белгород къалэхэр хуит къызэращІыжам и саулыкъкІэ.

♦1956 гъэм Москва Лениным и цІэр зезыхьэ и стадионым къыщыщзэІуахащ СССР-м ис лъэпкъхэм я Япэ спартакиадэр.

♦1963 гъэм ядернэ Іэщ1ар хьэуам, хьэршым, псы щІагъым щымыгъэунэхуным теухуа Зэгурыльуныгъэм Іэ щІрадзащ.

♦1975 гъэм Тюмень - Сургут гъущІ гъуэгум япэ мафІэгур иригъэкІуащ.

♦1996 гъэм Урысейм къыщащтащ президент властым и дамыгъэхэр - УФ-м и Президентым и бэрэкъыр, Президентым и Нагъыщэр, Урысей Федерацэм и Конституцэм и тхылъ щхьэхуэу къэралым и Президентым папщІэ къыдагъэкІар.

♦2016 гъэм Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) къыщызэІуахащ XXXI гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр щыщхьэуІум и 21 пщІондэ екІуэкІащ. Адыгэхэм тхуэфІащ а Олимпиадэр - **Мудрэн Беслъэн** дыщэ (дзюдо), **Джэду Іэниур** (бэнэкІэ хуит) дыжьын медалхэр къыщахьат абы.

♦Урыс суратыщІ-живописец цІэрыІуэ **Репин Илья** къызэралъхурэ илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ **Іэ де Мопассан** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдус **Лебедев-Кумач Василий** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Авиаконструктор, академик, Социалист Лэжьыгъэм и Іэнейрэ и ЛІыхъужь, къэрал дамыгъэ лъапІэ, саугъэт куэд зыхуагъэфэща **Микоян Артём** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хъаний Мирон** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и цІыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытмкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ПІэщхъагъей уиІэу хьэдагъэ умыкІуэ.

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№37 - 39, 41 - 48, 50 - 51, 54 - 57, 62, 65 - 68, 70 - 72, 74, 77, 79, 81 - 83, 85 - 86, 90-хэм итщ).

- Хэт? Уэра сакъыІэщІэзыудыжынур хьэмэрэ... Мэрем?

- Хьэуэ, Налмэс. Ди щІалэхэм...

- Сэ сымыщІэ гъэрым ущыгъуазэу кІыщэкІынщ, Елэн, - жиІэурэ, пщащэр мапльэр: - Мо топыр бгым къыщІрагъэжэхыр сыпу пІэрэ? - щІэупщІэхуэдэурэ, псальэмакъыбзэ рабытрешэ.

- Я щхьэхэр топщ абыхэм. Езыхэм яхэпІэжу пІэрэ ар къыщІрагъэжэхыр? - жеІэри, Елэн, ари фІэмащІэу, кІэльоугушыІэж: - Дэбгъэжей нэхърэ, кьебгъэжэхыр - нэхъ тыншщи, арагъэнщ. Я хьэпшып зэщІакъэжу къыщІэкІынщ кърымхэм.

- Арагъэнщ.

Елэн фІэмыІуэху артэкъым кърымыдзэм и Іэщэмрэ ахэр иджыпсту зэрыІэбзэпъабэмрэ. ИтІани, щІалэм и щхьэм къыхуимыгъэтІасэу нэгъуэщІ зыгуэр хэлът Налмэс и зыІыгъыкІэ мамырым. «Дауэ ар? - гупсысэрт Шурдымрэ, - ущхьэгъэ фы хуэсщІыным и пІэкІэ, езым сигъэудэІуну хэтщ. Пейтейкъым. И нэгур мамырщ. Псоми хуэхьэзыру зыкъызеГъэпъагъу. Къызыхуэштаар имыкъакъэ хуэдэ... Хьаныр и унэ исащи, фІыуэ ецІыху... Ярэби, жылэм кърахьэкІам пэж гуэр хэлъу пІэрэт-тІэ? Къаплъэн-Джэрийрэ мыбыр я зэхуаку зыгуэр дэлъар пэжу щытмэ, пщы уэлийри, Жэбагъыи, Миншакъи, Мэреми я напэр здэытекІынуц! Къэбэрдейр пщащэм игъэупудынщи, езым и щхьэри пуд хъуауэ къэнэжынщ... Апхуэдэ къэхъуРэ?! Хьэуэ... Ар пэжу щытмэ, Ашабэмрэ Мэремрэ закъыкІэриІуу къыщІэкІужар сыт-тІэ? Иджы къыран хьаныр мыбы къыкІэлъыкІауэ ара?! Къысхуэвмышэжмэ... жиІэу щІикуэуджыри сытыт?..»

Елэн и гупсысэкэм ирахьэжьа псэр арыххэу илъыртри: «Зэ увыІэ, Шурдым. УвыІэ. Уи щхьэр зэкІуэжкІаг. ЖыпІэр уэ езым пщІэжырхьым!» - зэшхыдэкІырт аргуэру щІалэр.

- Мес, кърым шухэри къыштежьащ, - жиІэурэ Налмэс и шылэхъарыр зэрызэригъэзахуэм Елэн елпІэрти, аргуэру и щхьэр щІэпхъуэрт. ЩІалэр иджы къэуІэбжьыпат.

- НтІэ, къыштежьащ, - жеІэри Елэн шым ойлъэдкъэуэу.

- Елэн! - щІалэм къеГъаззри, гулэгъунэм зыхуеГъэщхь.

- Елэн... Мэрем сэуетыж, - жеІэри, Іэлъыин хъуреибзэу шыхьа щІкІ бзыхьэуэр щІалэм Іэщ Іелъхьэ.

Абы ирихьэлІэу тэтэр шууиц къыІуохьэри, адыгэ щІалэхэм къеплъурэ:

- АдэкІэ гъуэгу фыщІэкъым. Вгъаззэ!

- Гъаззэ диІэкъым, ди шыпхъум увыІэпІэ хуэхъуну жьэгум димыплъауэ! КъищынэмыщІауэ, дыкъэзыгъэкІуа нэхъыжьхьэм ди пщэ къралъхьащ анэмэт фхуэтщІа Къэбэрд щІалэр ди нэкІэ зэдгъэпъагъэуну.

- Куэдыщэ къывопсэлъ! - зыкъретІэ Уракъ мырзэм. - ЖысІаращ уи унафэр.

- Зэт, мырзэ. Зэ догуэ, мыр, лІыхъужьыщыр уи набжьи! - жиІэурэ шэтырышхуэм къыщІокІ Къэбэрдейм и хьаныр.

Хьаныр къызэралъагъуу, бжэІупэм щызэхэзекІуэ кърым зауэлІхэри, абыхэм я дзеиж нэгуеийэри зэтеувыІэри, лъэгуакъэмышхьэу етІысэхахэщ, АпщІондэху Елэнрэ и шу гъусэхэмрэ зэрепсыхам хьаныр гу лъитэри, я шхуэмылакІэхэр я ІыгъыжькІэ къыпІощІ адыгэ щІалэхэм арэзыуэ кІуплъэурэ:

- Мыкэр си ІуэхутхьэбзащІэщи, ящІэн хуейм езыхэр щІыгъуазэщ... Фэ фыщІепсыхар?..

- Льэсу къыштпежьэм дыхуепсыхмэ, ди щхьэм и пщІэщ, а къыштежьэм дызэрекІуажам и нэщэнэщ, - педзыж Елэн.

- Ара?! ФІы дыдэщ. Вы ІІам со щІыхамыІум фызэрыщыгъуазэр си гуапэщ. Си текІуэныгъэм и саулыкъкІэ фхузоГъэгъу, - хьаным щхьхъэумэхэм захуеГъазэри: - ХьэщІэщ шэтырым евгъэблагъэ къэбэрдейхэр. ВгъэхьэщІэ, ауэ пщІэнтІэпс бамПІэрымэ зыщыуа шыл яхуэвмыхь...

... Гьуэхэм я зэпэкІий макъым Уафэбгыкъу и Іэхэпльхэр зэщІиштат. Къаплъэн-Джэрий и текІуэныгъэ жьачэм къущьхьэхъущІар иджы щыму къыщІэдэІурт. Заузнщэрэ лъыгъажэмыщІу къуентхъым къигъэбырсея тырку, кърым-тэтэр зауэлІхэм гуфІэгъуэр ягъахьэурэ джэгу-къафэ ящІырт. Дзэпщ мырзэхэр зэпеуэу кърым хьаным щытхъу щыхуагъэшкІэ, Іэгу-джэгум хэпхъуэр зиІэт.

ПщафІэкэр зэрызехьэу Іэбэрт: хэт Іэщ уклар зэІихырт, хэт лэгъупым щхьэщыпт, хэти фэндырэщхуэхэм ярызу боуэзр зэрахьэрт. ТекІуэныгъэ гуфІэгъуэр зи щхьэм дзуеея хьаным и унафэкІэ, кърымыдзэм къущьхьэхъу санэхуафэр иублэрт.

Тэтэр боуэз гуащІэм къигъэжана къущхьэ Жэфар идиж щІакъъэжтэкъым: зи Іэпкъльэпкъ пщыкІуТІыр зэхуэдэхэм ехьэехуэу къафэрэ кърым зауэлІхэм ІэплІэешхэкІ ядиищІырт Іэхъуным. Къущхьэ-тэтэрым и бамПІэузыжьыр пщэхьжат. «Къэбартхэм» ятекІуа Къаплъэн-Джэрий тхьэпэлъытэ ищІурэ, Шэрэджыщхьэ ис и Іъэпкъэгуныхэр зэлъэІу Тегри и цІэри щыгъупщэжырт.

Кърым хьаным и дзэпщ мырзэхэмрэ нэхъ хьэІуСипІэр зрит дзэщІэгухэмрэ зыпэрыс гуфІэгъуэ Іэнэр пэрыхьэту зэтещІэрт. Іэнэ кІапэм нэхъ ищхъэ зылъымыса Абрэдж Мырзэбэч кърымыдзэм мырзэ къулыкъу зэрыщІихьыр щыгъупщэртэкъыми, зэрыхуэфащэу и плІэр иІыгъыжурэ, Къаплъэн-Джэрий здэщысымкІэ плъэрт. Дзэпщхэр хъуахъуэрт. Кърым хьаныр гушхуэрт. Абрэджым фадэбжьэ иунэщІыху, жьантІэм къыдзэ «дыгъэ теплъэм» хуеплъэкІыжурэ и щхьэр дищІырт. Къаплъэн-Джэрий гу къызэрылъимытэхэм Мырзэбэч игъэнэщхьэйрти, игукІэ: «ГъэгуанапщІэ сабэм мэкъу дызэрыщІеуар иджы нэрылъагъуц», - зыжриІэжырт.

Жэщ ныкъуэр кІуа щхьэкІэ, кърымхэр иджыри зэхэвззэхжььт. ҒфІэгъэуэ кІыхь щыІэкъым, щыІэр гугъэ кІыхь кІэухыншэщ...

Къаплъэн-Джэрий Іэнэм пэрысхэм яхэплъэри и Іэ ижьыр пІагъу къыщІэтыри, гупыр щым хъуащ.

- Ди гуфІэгъуэ ефэ-ешхэр зэхуодощІыж. Пщэдейм къытпигъапльэр Іуэхушхуэщ. Алыхьыр псоми зэщыщфІкІэ къыфхуэупсэ. Фи хъуэпсапІэхэм Алыхьым фыхимыхи. Ардыдэр схуНэфхьэс си зауэлІ хъыжьхэхэм я деж. Псоми сахуэзарэзыщ. Нэхутьэфі Алыхьым фыкъригъэкІ.

Іэлигъуэт-пэщэм хъаным жриІэнІэуэ, дамэпкъкІэ зыхиша щхьэкІэ, Къаплъэн-Джэрий:

- ИужькІэ. ИтІанэ. Псори - итІанэ. Пщэдейри махуэщ. Зывгъэпсэху. Уэри, Муртаз пэщэ, нэхутьэфі укъик!!

Хъаным хъаныр пщэдейрей махуэм екъэлІауэ иджыпсту мэскъалкІэ зэрымыплІащІэр Муртаз пэщэм фыі дыдэу къыгурыІуэрт. Тырку дзэпщыр игъэгурыщхьэрт цІыв-гузавэдэхуу къэбэрдейхэмрэ кърымхэмрэ зэкІэрахьэжа мамырыгъэм. «Бзур зышхынум Іуоджагъэ» жьыхуаІэу, иджыпсту нэуфІыщІыхьэрыуэу бий жьантІэм Къаплъэн-Джэрий щищІ ефэ-ешхэр фІэмыкъабылми, Муртаз пэщэр щыму и шэтырымкІэ екІуэкІыжащ.

Кърымхэм я хъаныр иджы гущІэгъ гурыгъуэм ихьырти: «Залымыгъэ хэмыхьэу Іуэхур зэфІэкІатэмэ... ЗэхуэныкъуитІым я Іуэтэжьыгъуэр егъэлеиуэ Іэфщ. Налмэс си унэ исыху лей зэрытезмыгъэхьар щыгъупщагъэ къыщІэкІынкъым. Алсу щытегушхуэжэм дежи, пщащэм сыкъыщхьэщыжурэ фэжагъуэ хъыщысхьаэр ищІэж хъунщ езыми! Иджы, къэбэрдейхэр мамырыгъэкІэ кІыззэувэлІэжу, я Іэкіэ къысхуаШэжа пщащэр - срижагъуэ-срищІасэнэ сысеИщ. Сыт ар езыр иджы зищІысыр!.. Моуэ, Іэфі щІэпІу къысхуэжьІэщІатэмэ, сэри фІыщІэнщэу къзэгъэнэнтэкъым. ЗгъэфІэжынт... Дауи ирехъуи, бзыльхъугъэ хэмыльу жьІэщІатэмэ, бетэмал!..»

- Мазэр зи нур, уи хьэмэмыр хьэзырщ, - Уракъ мырзэм зэуэззэпсэу Іуегъэщтыж хъаным и гупсысэ укІытэхэр. Къаплъэн-Джэрий и чэфыжьынэхэм гукъанэ я щащІригъэхыуэр щхьэхъуМэм жьэхолпІэри:

- Ара? Мыдэ... зэ...

Хьэмэмым куэдрэ зыщиІэжьакъым хъаным. Вырэ щыгъ зэрыкІуадэ бжьыхьэ жащыр ныжьбзкІэ къыззэрыІэщІэмащІэм ехъуэпсэкІыжурэ пІащІэу зигъэгъущыт Къаплъэн-Джэрий. Щыст ар, дыщэидзэрэ дыжьын уагъэкІэ зэхэпщІыпщІэ ящэдабэ щІыху бгъхъущхуэр и джанэ зэгуэхрэ, пльэтхьэмпэ Іъаплъэкэр къэжэр алэрыбгъу щабэшхуэм хигъэпэщащэу. Хэпльэрт аргуэру хъаныр: Налмэс зыкъызэзрыхуищІынум егупсысыри, езыр иджы зэдащІыЭри, зыхущІыЭри щыгъупщэжат.

Къаплъэн-Джэрий зэуэ зыкъиІэрти, шэтыр щхьэгъубжэм пэзанщІэу гъуэщІыщт гъуджэшхуэм бгъэдыхьащ. Гъуджэм къищІ лІы нэкІущхьэплъ нэ тоныщхуэм и щхьэщІыбІ хьэпльафІэу къыдэплъэрт мазагъуэ зэпэхьурейм ирищІыкІа пшэкІухь нурыр...

Къаплъэн-Джэрий гъуджэм къыбгъэдзкІуэтыжри, къэжэр лъэгурыдз бгъуфІэр зэпикІухьурэ, щхьэгъубжэнэм къиплъ мазэ изым хуэдэпльейщ, бжэмкІэ зигъазэри джащ:

- Къаршэ!

Шэтыр бжэІупэм зэхэзекІуэ гуэр къыщІыури, Іэуэльъауэшхуэ ищІу Уракъ мырзэр бжэм къыщІэпкІащ. Хьаныр щхьэхъумэм хуеплъэкІри, щхьэхьнэу:

- Къэхъуар сыт?

- Мэз джэдум ещхьщ... ДызригъэІуэсэркъым.

- ЦІыхухъу гуэрым щащэр къэкІэрбэрэбыхьыну фыхуитт-тІэ, мырзэ?!

- Хьанэхэм я хьаныж, уи щхьэхъумэхэм бзырэ зыкъІэ зэхэгъэж диІэкъым. Пльэдж.

- Апхуэдэу укъыстегуэзэвыхьу сызэрыпхъумэм папщІэ сыпхуэзарэзыщ, - погуфІыкІ ауаныщІу хьанри: - Уи жьакІэм хьищэ зэрыщыджэгуам и гугъу умыщІмэ...

Уракъым, зимыльагъужми, Іэпхъуамбитху мажьэкІэ и жьэпкъ жьакІэр кърежьыхри:

- Хьанхэм я хъан, сыт тщІэн хуейр? Дызыбгэдигъэхьэркъым!

Къаплъэн-Джэрий и пэфыкъыр дэгуу игъаджэу мэдыкъэшхІипщІри, игурэ и щхьэр зэтелъу:

- Уракъ, си псэ пІалъэр уи нэ къуэпсым щыкІэращІауэ щытар къыскуэгубзыгъэжыркъым! Пщыгъупща сфІощІ уи хьаныр лІыуэ къызэрригъэщІар? - жиІэурэ, бжэм нэІусын хуэдэу и макъым зрегъэІэтри:

- Зи зиусхэным къыхурагъэшэжа Налмэс пщащэр къыхущІэвгъэхьэ! Бадзэ ецыхьрэ щытмэ, Алыхьым фысщихьуэ!..

Хъан хабзэтэкъым къихьэІам хуэтаджу, аршцэкІэ а хабзэншагъэри фІэфІыпсу игъэкъабылурэ, Къаплъэн-Джэрий къэтэджри, Налмэс лъэбакъуэ пичащ. Зи нэ фІыцІэ пІащэхэм сырымэ къащІихьу, бжэм лъэмбым къиуваПщащэ лантІэм лІыр хьэрэмынэ хъуапсэкІэ Іуплъэурэ:

- Бжэ лъэмбым уимыт, си дахэ. МыдэкІэ къыздэкІуэтеи, тІыс.

- Си уевыпІэр соцІыхуж, хъан. Уи унэІутхэм схухахар бжэкъуагъэмэ, сыбжажъуагъащ.

- Апхуэдэу жумыІэ, Налмэс. Кърымым ущисми, пхуэфащэ увыпІэ пхуэзгъэтІыгГуэрт сэ... Ауэ си щхьэ уфІэсхьфынутэкъыми, сыпхуэсакъыртт. Иджы, Алыхьым и шыкуркІэ, дыщІэсакъын щымыІэу уэрэ сэрэ дыкъызэхуэнэжащ. Сэ сылІыхитщ, уэ дахэхэм уралейщ, - Къаплъэн-Джэрий пщащэм жьэжэкІуатэурэ нэхъри убзэрт: - Уэ апхуэдэкІэ ухъуэпсэгъэущи, си мазэгъуэ нур, сэр фІэкІа...

- Уэр фІэкІа щысхуэмыфащэкІэ, - къамэ бгъузэ есым и Іэпщэр ІэштІым быдэ щІыкІум щикъузэурэ Налмэс зыІэзыбжьэу зыщиишИм, шэтыр щІыбымкІэ гужьеигъуэу зыщщыщ макъ къыщыІуащ. А зыщыщым щІыр дэублэрэкІ нэхъей, дыргу шынагъуэ гуэру уафэр зэпыщэтщ, псэущхьэхэм я макъ зэпэгъашхэ цІыху пщІэу зэщІафиер къыхэбжьэхъуэжри, мафІэс жьэражьэм, уэгу пкІэлъейуэ, зыдрилыпщІеящ.

Фадэ гуащІэр, ерыскъы хьэлъэр, текІуэныгъэ псынщІэр зыхуэзхыхьэжу бжьыхьэ жей яем куууэ хэумэзэха кърым зауэлІ чэфыжьыпкъэхэр иджы гъатхэ хьэвшыру зепщыпщэрт. ЗыщІыпІэкІэ топышэ къыщыгъуагъуэри, Къаплъэн-Джэрий и щхьэр ІитІкэ иІыгъу етІысэжащ.

ПщІащхьэкІийм еджэу хъан шэтырым къыщІэльэдащ Уракъ мырзэр:

- Дунейр мэкъутэж, хъан! Уафэм мафІэ къох, хъан! Уафэбгыкъу зэгуощІыкІ...

ФокІадэ жэщу Налмэс къещэкІуэжа кърым хъаныр иджы жьыхафэгум тест, и къэдабэ джанэ бихъуышхуэр дыщидзэм къикьытэу.

- Уафэбгыкъу зэгуощІыкІ, хъан! - жиІэу Уэрэкъыр къащыхэлъадэм, къамэ пщІанэр зыІыгъ пщащэм Къаплъэн-Джэрий джекІэ зедзэри:

- Къеблэжьаб!..

Уэрэкъым къамэр кърипхъуэту Налмэс щытришащІэм, Къэбардрэ Бэубэчрэ мырзэм и щІыбагъ къыдохутэ. Къэбард мэІэбэ, тэтэр щхьэхъумэм и Іэпщэр ирелъэнтІыкІри, мырзэм и ныбащхьэр а и къамэм хуфІегъуэж.

- Хъаныр?! - пщІэурт пщащэр, - хъаныр дэнэ здэкІуар?!

- ЩІэпхъуэжащ!.. - ІэштІымитІри икъуэзауэ зеплъыхьэ Бэубэч.

- Жьыжьэ нэсакъым! Фыпхъэр! - Къэбард Бэубэч кІэльоджэ.

... Мазэ хъуэнаир Уафэбгыкъущхьэ зэпэхъурейуэ фІэлът. Ищхъэрэри ипщэри зэщІэзыгъапсэ мазэгъуэ нурыр иджыпсту хуэзэхунтэкъым кьигъэмрэ игъыкІымрэ. МафІэбг шынагъуэр къаззэрыщхьэщыуам шэч къытезымыхьэж кърымхэр, я занщІэр я гъуэгуу, иджы зэбгрыжьрт. ХьэтІохъущокъуэпщІр я шупашэу хъан шэтырыпІэм хуиту къижьгъэ къэбэрдей зауэлІхэр иджы щыупщІатэрт шы табынхэм лъэкІэ ирахьж кърым тІысыпІэхэм. КъуэкІий зэвым зи щхьэр дзэзыхьа кърым зауэлІ гупым Ашабэр ІэщІэфиер къыхьэхъуэжри, мафІэс ЗыдзэзыдзэкІэ кърым гупышхуэм я лъэужьыр пщы уэлийм иубыдати, лъэхъуфІ зыщІ пцІэгъуэплъым и лъэрыгъым итурэ сэшхуэр Іэрыхуэу игъэлъащэрт.

Нэр темыпІуэу ХьэтІохъущокъуэм игъабзэ а сэшхуэдзэм мазэгъуэ нурыр пщІыпщІурэ тельдыкІырти, кърымтэтэрэлъу жабзэурэ пыщэтыжырт.

ЦІыпІынэ Хьэсанш и гупыр ХьэрэкъуэрэкІэ щІэпхъуэ кърымхэм, мазэ блыну, къапэуати, къамэмрэ сэшхуэмрэ я ІащІэкіар Тамбиикъуэкіэ ирахъхырт.

Бахъсэн псыхъуэмрэ Балъкъ ныдджэмрэ лъэпхъэдэнэ зыхуэхъуэ кърымыдзэ зэрамыщІэжыр, домбеив ЗыдзэзыдзэкІэ ІащІэ и хьэмэшыпхэм щыгъуэхъуэрт. КъашырГъэрэ Дэмдейрэ зи хьэжьыжь шабзаэу гупыр Бэгъуфдакъ бжьэпэ къытетти, сэшхуэмрэ къамэмрэ я ІащІэкіар къуэ куум дапхъэнкІэжьрт.

Ашабэр здэлъащэ къуэкІийм и бжьэпэ нэзым Іуту зэрехьэкІырт иджы жанейм къикІа шууейэр. Мамсыр Нэкъар и плІэм илъ дохьутейр нэщІ хъууэ, Джэрыджэм и къамэ Іэпщэр пыщІыкІа нэужь, Чыдэш ХьэтІатІ и шыр къыжьэдикъуэри:

- «Шы лІэнум мэкъу пхыр здэхь» - щІыжаІэр мыпхуэдэтэкъэ? Мы къуэм дыхьар дэкІуэдэнщ езыр-езыру. Шабэшэ тевмыиначІэу модэ мо жьэгъумкІэ зыщыдвгъэпльхьь... АбыкІэ зы гуп щІэпхъуащ.

- Ашабэр иджыри къуэм къыдэкІыжакъым, ХьэтІатІ. СыкІэлъехьынущ. Фэ а зи гугъу пщІа жьэгъумкІэ фыкъыщІэзэгъэпсэ, - жеІэри Нэкъар шым иольэдзкъауэ...

Шэрджэс хэкум и лыкІуэхэр тырку сулътІаным деж макІуэ.
1856 гъэ. Сурэтыр зыщІар наІуэкъым.

МЭШБАЩІЭ Исхьэкъ
Уафэбгыкъу и нэлат

Тхыдэ роман



Урыс тхакІуэ Белов Василий и гъусу. *1998 гъэ*

XXXIX

ПАСЭРЕЙ адыгэхэм я лІэужьым къыхущана тыгъэ мыкІуэщІхэм я пажэщ лъэпкъ Іущыгъэр. Бзэр гум и зэщІыжьэ зезыхьа а лъэпкъыжьым ІэщІэ теплъэгъуэ къэс, щхьэж хуэфащэ псалъэ хуиусыжат... «Бжэн щІакъуэр бжьакъуэ лъыхъуэ ежьэри, и тхьэкІумэ ижьыр хикъуащ» щІыжьаІар кърым хьаным и мызэхьэу, абы и дэкІуашэ Іэджэм я щхьэ-я псэ ирикІуат.

«ТекІуэныгъэ» лъэщым кърым тэтэрэр ефэ-ешхэкІэ техъуахъуэрэ зэбгрыкІыжу гъуэлъа щхьэкІэ, ягъэтІылъар пІощхьагъ мыгъуэт, зытехъуэхъуари гъуэгуанэ егъут.

Уафэ къутэ-къуэхэм къыдэуша ІэлигъуэтІ-пэщэм зэуэ къыгурыІуащ дунеикІэм зэрэзызщІикъуэжыр. Нэгуейй мырзэ быртІымыр щІагъщІэпъ джанэ пІцанэу шэтырым къыщІэщІэ-щІэфтщ, мафІэс шынагъуэмрэ шы табын зэщІэгъуаемрэ ядзэщтэри, зэхэку имыщІэжу, Сосрыкъуэбгкіэ щІэпхъуащ. Мо лІы зыпэхъуэрей жэкъуам гу лъитэххакъым щыхупІащхьэм зэрытелъадзам. АдэкІэ зэхъуэпсэ ящІат... Іэлигъуэт и уэжьыр зыІыгъыу щІэщІыва Бэхъун Жэфар зэрыщІакъуэм и фІы-гъэкІэ мащІэу а зыкІэлъыжьэм къыкІэрыхуами, кІэлъысыжьигъуэр псынщІащэт... Къущхьэ тэтэрым и макъым къуэхъуэпсыхъуэр гужьеигъуэу къигъаджэри, мазэгъуэ жэщым лъэужьыншэу хэбжьэхъуэжащ.

Ахьмэд сулътІаным и лІыкІуэ Муртаз дзэпщыр нэхъ губзыгъэІуэу къыщІэкІащ. ИпэкІэ плъэуэ есагъэнти, тырку пэщэм и шы-уанэр зэтелъу шэтырыбжэм къыщинат. Зэрызехъэ макъыр къыщыІуи, Мурзэмырэ и тырку шупашэхэмрэ шы хьэзырхэм зрадзри, Лахъэрэн мэзылъэкІэкІэ яунэтІащ.

Кърым-тырку дзэр хъани, пэщэи, дзэпщи ямыІэжрэ, шынІэ чэфыжьыпкъэу къыщІэзэхэнэм, нэхъри хутыкъуащ. ЩхьэтепІэнІэ зауэр фейдэщІэх хъунутэкъыми, мырзэхэм я нэхъыбэм зыкъаІэтащ, абыхэм ящІыгъу жьІэщІэ къэхъуащ тэтэр зауэлІхэр. СамПІэммыхъэу зиузыкинкІаэхэр псыхъуэ къуэкІийхэмрэ къуэ дыхьэпІэ зэвхэмрэ къэбэрдейхэм щызэхуахъусурэ, хэт яупщІэтащ, хэти фочышэм е шабзэпэм ихьащ.

Куэдыщэ хъурт укІыгъэр. Абыхэм яхэтт адыгэхэри: къэбэрдей адыгэхэм къакъуэува жанейхэр, абазэхэр, бесльэнейхэр, езы къэбэрдейхэр...

... ДыгъуэпшыхьэдахащэУ къызэплъэкІыуэр къурш гуфІэкІэм дэпщхьэжа дыгъэшхуэр аргуэру щхьэщыгтт Уафэбгыкъущхьэ. Ныжьбэрей жэщым пшэкІухь езыщІэкІа мазэ уэндэгъуэр иджы лъхуапІэ ихьэжат. УщІэмыупщІэт а мазэр ныжьбэ зыхэпльам! УумыплъэххэТ а дыгъэр иджыпсту зытепсэм: хьэдзэльэмыжу зэтелъ кърым-тэтэр зауэлІхэм нэм къиплъыхьыр яуфэбгъуат. Зи хьэдзащІэлъхьэ ихьэжа къэбэрдейхэм ягу пихьыу я Іэщэгъуэхэр къагъуэтурэ зэщІакъуэрт. КъущхьэхъуэУ щЫналъэм щызэорт лъымэ гуащІэр зыІурыуа къуаргъ фІыцІэ гуэрэнхэр.

- Бгы нэпкъым хьэдэхэплъэ щызыщІ шур хэт хъуну? - щІоупщІэ пщы уэлийр, сэмэгурабгъумкІэ епльэкІыурэ - Сы-щыуэу пІэрэ, ЛІыгъэр, хьэмэрэ.. Абрэджэ я къуэ Даур-КІэмыргуей ар?

- Аращ, - игу узу нэпкъымкІэ мапльэ ЛІыгъур. - И адэр кІыльыхьэжу къыщІэкІынщ...

ХьэтІохъущокъуэпщІр зопсэлъэкІри:

- Къэбард, Елэн, Мэрем, Бэмэт. - ФыкІуэ. ФыдэщІыгъуэ Даур.

ЩІалиплІыр зыбгъэдыхьа я ныбжьэгъур Мырзэбэч щхьэщІст. ЛІыуэ щІэтар зи уІэгъэнэмкІэ ижьжа Абрэджым и нитІым иджыри гъащІэ хъуаскІэ щыпІэжьажьэрт. Даур и нэгум иджыпсту хьэзабу илъэм мывэри къигъэскІэнт: гуауэр, гъащІэр, бампІэр, губгъныр... аргуэру губгъныр! Зи псэр хэкІ адэм зыхуиГэщъхьри, гущІэтхъуу:

- Уарэзы иджы? Уарэзыт а... гъащІэмкІэ?..

Мырзэбэч и щхьэр къиІэтыну хуейуэ нэкІэ къэпльаІуэрт, Даур абы Іуплъэну хуэмейуэ зригъэзэкІырт... Къэбард Іэбэри, Абрэджым и щхьэр сакъыу къыхуиІэтащ.

- Даур, - жиІэрэ пэт, Мырзэбэч и Іупэ дыкъуакъуэм лъы тхъурымбэр къыІуоувэ, гуащІэу иІэр епсэрыкъауэу къыдрешеижри: Гуа-уэ здызохь, си къуэ. КъысхуэвгъэгъУ псоми... АлыхьыР... СокІуэ, си къуэ, къысхуэ...

Мырзэбэч и нэхэр Даур теувыІа щхьэкІэ, и пкъыр псэм ибгынат. КъыхуемыплъэкІа къуэм тедлъкъыхьа нитІри нэхужьыбзэкъм иупщІыІухьыжырт. Къэбард иджы сакъыу щІым трилъхьжырт Абрэдж Мырзэбэч и щхьэр. ЛъэныкъуэкІэ ІукІуэта Даур и ныбжьэгъу щІалэхэм къахуеплъэкІри:

- Кърым тэтэрхэм ядыщІэфлъхьэ. Адыгэ мащІэ ильэт хъунукъым абы...

Къэбард, Елэн, Мэрем, МыхьэмэтБэмэт сымэ Мырзэбэч и хьэдэ хьэлъэшхуэр къыздэІэтри, тэтэрхэр здызэхэльымкІэ яунэтІащ. Даур и закъуэу иджыри бгы нэпкъым тетт...

Къэбэрдей адыгэхэм я хьэдэщІэлъхьэм дыуэ трищІэжри, Къэсей ефэндыгуэ гуаузщхьэзэу мывз джейм тетІысхьэжащ:

- ІэстофрилэхьІ! Іэстофрилэхь! Уи Іэмыкіыр лъэщІ, зыми емылъэжж. ТхуэмыкъынІ зэи къыттеплъхьэркъым... Алыхьу лъэщым мы кІэрыхур Іэтыгъуаф ІэфІэ тщимщІ. Мы духьэ лъапІэри...

- УмыпащІт, Къэсей. Зэ догуэ... - къопсалъэ ХьэтІохъущокъуэр, къэбэрдей зауэлІхэм яхоплъэри: - Жьыми щІэми къыздэфІыгъэныну сыхуейт: сыт хуэдэ гуауэ ХьэтІохъуМимыхьами, дапхуэдизу лей дымыигъэвами - ди нэхъыжьэм я щІыхуэгъэ зэхэгъэкІыпІэт ар. Ди хабзэжьэм яхуэфащэр арщи, бий хьэдэр зауэ губгъуэ къиднэнукъым. ДызытекІуахэм я пкъым щІы едгъэгъуэтыжьныр адыгэлІым и хьэкъщ. Гъэрхэр зыдзэрІэзыльуурэ щІэфлъхьэж кърымхэр.

- Алыхьым и нэфІыр уи щхьэщІыгъэ зэи имыкІыну сыпхуолъаІуэ, зиусхьэн! Дымуслъымэнщ. Уи пщІэмрэ уи щІэмрэ адыгэм зэи щыгъупщэнукъым, - гумэщІыІуэ пщым педзыж Къэсей хъжьмыи, дыуэщІым адэкІэ пещэ:

- Биссмилляхьи рахьмани рахьим. Псори зэлъэІуу, зыми емылъэІжж Алыхь лъэщым и пащхьэ... - Къэсей духьэр кьебжри цІыхухэм зехуэгъаззэ: - «Іэмин!» жьыфІэ...

ХьэдэщІэлъхьэхэр ичынды пщІондэ Уафэбгыкъу лъапэ щызэхэзекІуэр. КъущхьэхъущІым ерранакъым хьэдэ уцІа. КІэфыщэным текІуэдэжа кърымтэтэрэхэм къэбэрдеишІыр иджы я хьэдрыхэщІ Іупэт.

Ичынды нэужьт. Къэбэрдей зауэлІхэм иджыри зызэщІыкъуэжатэкъым. МыдэкІэ щызэхауса кърым гъэрхэм я хъумакІуэхэр шу гъэрэнгуэрэну зэхэзекІуэрт. Нэхъыжьхэр щІыгъуу пщы уэлийр иджыпсту здэщІыІэ мэз лъапэм шууэ Дэмдей декІуэкІырт. Шур уц мащІэу щІэхІуэм иІэт щхьэусыгъуэ: Дэмдей и шыпэ иту ущырт кърым-тэтэрыфэу зы лІыжь быртІым щыІыкІ. ЗауэлІтэкъым ар. И шыфэлІыфэкІи, и зекІуэкІэкІи нэрылъагъут, зауэлІтэкъым. Тэтэр лІыжь цІыкІум и щыІутеть бгыщІэлъхэм, фэлъыркъэб тепІэу, кумбыгъэ гуэр кІэрыщІат. И пщэдыкъщхьэм фэ кІапсэкІэ ищІа пхъэбгъу джафэ зэпэплІимэр бгъэчым теуэрт.

Дэмдейрэ ипэ къыт лъэсырызекІуэ щыпІыльэнрэ жьыжьэу къаІуплъа Шурдым Жанхъуэт зыхуэмыІыгъыжу подыхьэшхьІ:

- Зауэ делэгу щымыІэу жьызыІа пасэрэйр мо къакІуитІым яІуэгъэплъащэрэт. Кьигупсысар сыт иджы ди уадауэм?!

Дэмдей къоблагъэри, епсыхыурэ кьрегъажьэ:

- Псэущхьэ хьэлэмэтхэр щыхопщ ди къущхьэхъум, зиусхьэн. Мы къыпхэсшар егъэлеиуэ Іущщ, е, си Іэзэгъуэ имыту, и щхьэр ежьащ.

ХьэтІохъущокъуэр щхьэ нэщхьейуэ йоплъ лІыжь быртІымым. Пщы уэлийм жиІэнум хунимыгъэсу, Къэзанокъуэр щІоупщІэ:

- Къыщыбгъуэтар дэнэ мыр?

- ХьэдэщІэлъхьэхэм яхэтащ, адрейхэм зэремыщыхьым шэч сигъэщІри... - Іэнкъи къохьу Дэмдей.

Хьэдэщхьэу игукІэ зыгуэр зэригъэзахуэурэ:

- ЖыІэт, Дэмдей. ЖыІэ...

- Зиусхьэн, езым жевгъэІэ. Мыбы зэтриуХъанщІэхэм сэ сыхуэмыжьмыгущ. Сыуадауэ къызэрыгуэкІщ, - зехъунщІэ Дэмдей.

ХьэтІохъущокъуэр Жэбагъы йоплъри:

- Еупщ Іыт, сыт и къалэныр?

Къэзанокъуэм лІы быртІымыр зэпеплъыхьри, нэгъуеибзэкІэ зыхуегъаззэ. Модрейми, къыІурыщІщу зыгуэрэр кьибжуурэ Уафэбгыкъу ІэкІ и Іэр еший, и фэлъыркъэб-шакъалъэм теуІуэурэ и Іэгу ижьыр бгъэ сэмэгум трелъхьэ.

Жэбагъы и нэ ІущитІыр тэтэрым нэхъри триубдауэ пкъроупщІыхь, зыщІогупсысыкІри, пщы уэлийм хуоплъэкІ. ХьэтІохъущокъуэм нэгъуеибзэр фІы дыдэу къыгурыІуэрт. Тэтэр гъэрым зи гугъу ищІым иджы къыдэуІэбжьауэ пщыр Жэбагъы хупогуфІыкІри:

- Зы жьэм жьэдэкІыр жьищэм зэІэпах...

Ар зэхэзыха лІыжь быртІымым адыгэбзэ зыкъеІри:

- Зиусхьэн, хьанхэм я дэфтэрэхьэу щыта си адэшхуэм къиІэтэжа хьэбарщ ар. Си адэшхуэр Хьэжджэт-Джэрий хъаныжьым (XIV пІощІыгъуэм и ІэхуэкІу Кърым хъаныгъэр зыхуэм) дэфтэрэхьэу къыдэгъуэгурыкІуат. Къапльэн-Джэрий мы щІыпІэм къызэрыщІтІысрэ зызоГъэзахуэ а нэщэнэхэри... Ресурсыр зэхуокІуэ!

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

АБЕИКЪУЭ Шухьэиб:

Хэку уиІэнырщ гъащІэм щынэхъыщхьэ дыдэр!

***Урысей пащтыхыыгъуэм 1763 - 1864 гъэхэм Кавказым щригъэкІуэкІа зауэ политикэм адыгэхэм къытхуихьащ лъапсэрыхьр. Ди лъэпкъым къыкІэлъызэрахьа леймрэ залымыгъэмрэ я лъэужьщ адыгэхэм тщыщ куэд нобэ дунейм щызэбгрыдза зэрыхъуар. Лъэпкъ тхыдэм щыщ а напэкІуэцІ фЫщІэм куэд-мащІэми щыгъуазэ, Хэкум теуха хъыбархэр я адэхэм, нэхъыжьхэм я нэпсыр къекІуэу зэгуэр къызыжраІэжа щІэбэхэр, шэч хэмылъу, щІохъуэпс адэжь щЫналъэм къагъэзэжыну, абы и щыгум тету и хьэуа къабзэмкІэ, ІэфлымкІэ хуиту бэуэну.**

***Хамэщыр псэупІэ зыхуэхъуа истамбылакІуэхэм къащІэхъуа бынхэу а хъуэпсапІэм зи гъащІэ джэлэсу псэуахэм икІи ар нахуапІэ зыщІыфахэм (Тхьэм и фЫщІэкІэ) ящыщщ Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэр. Адэжь щыналъэм къызэригъэзэжрэ илъэс 50-м нэсами, Шухьэиб ноби хуэнэхъуеиншэщ ди къурш уардэхэм, тафэ хуитышхуэхэм, псы уэрхэм, лъахэрысхэм - ХЭКУ псалъэм къызэщІиубыдэ псоми. Зи ныбжьыр илъэс 85-м ит тхьэмадэм и гур къызэрфІонэ, и нэхэм нэпсыр къафЫщІокІ.**

Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм ирихьлІэу Шухьэиб дежьэдыІыпІащ.

- Шухьэиб, уэ ущыщщ илъэси 150-рэ ипэжкІэ гуэзвэгъуэ къызылъэІэсу бэлыхь куэд зыгъэва ди лъэпкъым къыщІэхъуа щІэбэлэ минхэм. Зи Хэку къэзыгъэзэжыну лІыгъэ къызыкъуэкІа япэ адыгэхэми уахэтащ уэ. А гупсысэхэм ущыщхуэкІуар сыт хуэдэ ныбжьым уиту?

- Ди лъэпкъ уардэм и щІыфэм уІэгъэ мыкІажу телъщ илъэсищэкІэ екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэжьым кърикІуа гуэзвэгъуэр. ЛІэщІыгъуэ псом щІигъукІэ екІуэкІа лъапсэрыхьм и псэ емыблэжу, щхьэмыгъазэу хэтащ адыгэр, лъэпкъ щхьэхуитныгъэм щІэбэну. Зауэм и Іэужьу адыгэхэр дунейм щызэбгрыдза, лъэпкъымрэ Хэкумрэ зырыз, зэпэІэщІэ хъуами, ди адэжьхэм лІыгъэ къакъуэкІащ ди лъэпкъ хабзэр, ди адыгбзэр фІыгъуэ инхэу тхуахъумэну, унагъуэхэм кІыхьуэ бынхэр абыхэм дыщІапІыкІыну.

Иорданием и къалащхьэ Амман 1936 гъэм сыкъыщалъхуащ сэ. ХамэщІ дыкъыщалъхуами, дызэрыадыгэр, Къэбэрдейм дызэрыщыщыр тщІэжу дыкъыгъэхъуащ нэхъыжьхэм. Бынхэ дапІащ ди адэ-анэм: Шэрифэ, Шэхьирэ, Іэдиб, Шыхьбан, Шухьэиб, Башир. Ахэращ адэжь лъахэм и хъыбархэр къысхуэзыІутэжари. Ди адэ-анэр ди анэдэлъхубзэмкІэ фІэкІа зэи къыдэпсэлъакъым, лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ ди гащІэ Гуаззэу дыкъагъэтэджащ.

Ерэ фЫрэ щызэхагъэкІ ныбжьым сызэрит лъандэрэ зы махуи сщІэжьыркъым Къэбэрдейм сыкъэкІуэжьыну сыщІэмыхъуэпсауэ. Тхьэм и фЫщІэкІэ, ар къызэхуулащ. Адэжь хэкум сэ сяпэ къэзыгъэзэжаи щыІащ (я ахърэтыр Тхьэм нэху ищІ), арщхьэкІэ хамэщІ къиІэпхъукІыжауэ Къэбэрдейм иджыпсту щыпсэухэм сэращ я нэхъыжьхэ дыдэр.

- Фи лъэпкъым и нэхъыжьхэм сытхэр я икІыкІэу ябгынат Хэкур? Адэжь щыналъэм теухуа хъыбархэм хэт сымэ ущІагъэдэІуа?

- Си адэ Мэзан хэкужьм хыхьэ Исльэмей къуэжьм къыщалъхуащ. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и пэщІдзэ дыдэхэм (нэхъ пасэнкІи хъунущ ар къыщылъхуар) си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэдрэ абы и шыпхъэшІэмрэ я унагъуэкэ я ГъусэУ хэкум икІащ. А лъэхъэнэм зауэ зэрыувыІэри куэд дэкІат, ауэ я къэкІуэнымрэ зэрыс хъуа къэралым щызекІуэ хабзэхэмрэ яхуэзхуэмгъакІуэу, зэрахьэ диныр зэрахъумэным тегужьеикІапэ къэзыІэуа лъапкъышхуэм и щІыхъэм яІэ фІэщхъуныгъэм залымыгъэкІэ бэр зэщІрагъэщтэным псори щыщтэу апхуэдэт. Нэхъыжьхэм жаІэжу зэрыщытамкІэ, си адэшхуэри абы и къуэшри а щхьэусыгъуэрат хэкум щІикІар. ХьэжыщІ кІуэ щыкІэу лъахэр ябгынащ, къызэрамыгъэзэжынур хьэкъыу ярикІауэ.

Иорданием щынэсар 1905 гъэрщ. Тхьэм и фЫщІэкІэ, хэщІыныгъэ ямыІэу, уеблэмэ гъуэгум иджыри си щІалэ си адэшхуэм къыхуалъхуауэ, псэупІэ яхуэхъуа щІыпІэм нэсащ ахэр. Абы щыгъуэ си адэм и ныбжьыр илъэс 13 - 15-хэм нэсат.

- Хьэзабрэ бэлыхь куэдкІэ гъэнщІауэ щыта а истамбыл гъэзгъжым ирикІуахэм, шэч хэмылъу, яхэтагъэнкъым адэжь щыналъэм гур икъуэу къыхуемылъэкІыжа. Уеблэмэ уэ хамэщІ къыщылъхуами, уи псэр мыбыкІэ къеІэн зэи щигъэтакъым. А гурыщІэр лъым хэт адэ щІэину къыпхуэнауэ къыщІэкІынт, Шухьэиб...

- Хэкурн псэри зы чысэм илъщ, хэкурн укъэзылъхуа анэри а зы къуэпсымкІэщ адыгэгум зэрыпыщІар. Абыхэм зэхэдз лъэпкъ яІэкъым.

Хэкужьым Іэхур щызэтеІэфІэжа хъумэ, къагъэзэжыну я мурадат куэдым, дауи. Си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэди абы щыгугъыпхуэ, и быныр иплащ, хэхэс гъащІэм хигъэуващ, ауэ зэи ящигъэгупщакъым хы адрыщІымкІэ Хэкурэ лъэпкърэ зэрыщаІэр. Апхуэдэу дэри дыкъигъэхъуащ ди адэм.

Хуэмейуэ ирашат а тхьэмыщкІэр. Унагъуэм зызэщІакъуауэ, я шыгу-выгури зэщІэщауэ екъэнрэ пэт, Мэзан уэбзэх-щІыбзэх хъуащ. Ар къалтыхъуауэ щытащ зы жэщ-зы махуэкІэ, анэшым зыщІигъэпщкІуауэ къагъуэтыжри, я ГъусэУ ирашэжьат.

Адэжь хэкум теухуауэ ищІэж псори къигубзыгъыжурэ къыджиІэжырт адэм. Сэри сигури си псэри етауэ сыхущІэкъурт апхуэдэ хъыбар нэхъыбэІуэ абы къызэрыпкъырыхьынм. Езыми ар и гуапащэ хъурти, зэман хэхаи имыІэу игу къыщыдридзэй дакъикъэм иублэрт и хъыбархэр. Ар тепсэлъыхьырт Бахъсэн ауэдж ГунапкъэншэУ къызэрыщыхъум, щІымахуэм ар щыщтым и деж абы зэныбжьэгуъэм чын къыщрахуэкІыеу зэрыщытам, адэкІэ-мыдэкІэ къыщыкІ щхъуантІагъэм хуэдэ адэжь хэкум фІэкІа нэгъуэщІ щІыпІэ зэрыщымыІэм, и щІыхуэм хуэдэ зэрыгъуэтыгъуеиМ... Апхуэдэхэм деж сэ къысщыхъурт зэи сымыльэгъуа псыхъэшхуэм мывэ абрагъуэхэм сателъэсатепкІэу къыщызэжьиху, сыщІэхъуэпсырт, си адэм хуэдэу, сэри мыл гущІыІум чыныр вууз къыщІесхуэкІыну, мэракІуащхьэм сытесу ихъуреягъыр къэсплъхьэу, къудамэкэр си хъыринэу сыфІэлъэну... КъысфІэщІырт си адэм зи гугъу къысхуищІ Іуащхьэмахуэ къыщІэж псынэ щІыпІэр зэнэзэнысу си джийм ежьхьу, акъужь къабзэмкІэ тхъэмбылым щызу сибауэу... Си щхьэм гупсысэрэ хъуэпсапІэу щызэбгыжьым щІэи гуни яІэтэкъым. Абдеж си гум къыщыуышпащ Хэкум Іэмал имыІэу къызэгъэзэн мурадыр. Иджы сызэрыадыгэр сщІэ къудей мыхъуу, ар си гумрэ си псэмрэ, си Іэпкълъэпкъым и лъэнтхуэ псоми щыгъэбыдауэ хэль лъы налъэт си дежкІэ. А псоми къадзкІуэу, гушхуэныгъэ ин къысхилъхьэрт спкърыльэ хэкупсэ гурыщІэ лъэщым.

- Апхуэдизрэ зи ныжь уита Іуэхугъуэр дауэ къохъулІа-тІэ? Хэт сэбэп къыпхуэхъуар?

- 1972 гъэм и бжьыхьэр екІуэкІырт. СССР-м ниКІа гупшысхэм яхэту Иорданием нэкІыат хэкупсэ нэс, жэнэтыр дунейкІэ къэзылэжьа Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд. ХьэщІэхэр едгъэблэгъат Иорданием щызэхэт Адыгэ ФЫщІэ Хасэм. Іуэхур хъунумэ, араксъ... Сэ сыпэрытысхьа хъущ ХьэфЫщІэ Мухьэмэдрэ СССР-м и къэрал консулу Иордание пащтыхьыгъуэм а лъэхъэнэм щыІамрэ зыпэрыс Іэнэм. Хэкум ехьэлІауэ сиІэ гурыльхэмрэ гукъеуэхэмрэ си нэгум къыщІэкІынти, «Фи Іуэхухэр дауэ щыт?» - жиІэу Мухьэмэд къызэрызэпщІу жеСІащ си адэжьхэм я лъахэм згъэзэжыну илъэси 6 лъандэрэ яужь сызэриту ирикІар ар къызэрызэмыхъулІэр, щхьэусыгъуэ хэхаи къызжамыІэу. Си тхьэусыхафэр къыбгъэдэс посолым жриІэжащ ХьэфыщІэм икІи елъэІуащ хуэзфІэкІымкІэ ар къызэдэІэпыкъуну. Консулым абдеж сыкъыщигъэгугъащ мазищым къриубыдэу жэуап къысІоригъэхьэну: хуит сыкъащіми, лъэпощхьэпо щыІэми щхьэусыгъуэр къыхэжиІэну.

А мазэхэр сэ зэрызгъэкІуар зыщІэр Тхьэшхэм и закъэущ. Си псэр дзапэкІэ зыІыгъым сыхуэдэт.

Консулым и деж пщэдджыжьым сыкІуэн хуейуэ пщыхьэщхьэм хъыбар къысІэрыхьат. А жэщым сыту куэд зззгъэзэхуат сэ. Уо-о-о! Си гъащІэр адэкІэ зэрыхъунур убзыхуэ щыхъуну махуэр хъсат: е си хъуэпсапІэм сыпъэІэсыну-рэ дунейкІэ жэнэтым сыкъыщыхутэнут, е гъащІэр схуэзыгъэнэхуу уи гум къридз хъуаскІэ закъуэр уфЫнкІынут...

Нэху схуэмыгъэщу сыІухьащ консульствэм и бжэІупэм. Куэд дэмыкІыуи сыІуагъэщІащ сызыхуэкІуа къулыкъущІэм. Абы и нэгум хэрих нурымкІэ сэ занщІэу къызгурыІуат си Іэхуур фІы гуэр зэрыхъуар, арщхьэкІэ си гур темыпІэу бгъэгум икІэзызыхьыт. «Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэ. Нобэ къыщыщІэдзауэ хуитыныгъэ уиІэщ СССР-м ухуеймэ ущыпсэуну, ухуеймэ пІалъэ гуэркІэ ущыІэу Иорданием къэзгъэзэжыну», - къызжиІащ абы тхьилъ гуэркэр къысхуишІыри.

Уо-о-о! Сыт хуэдизрэ сежьат сэ а псалъэхэм! Си нэр нэпс шыугъэхэм ягъаплъэртэкъыми, слъагъу щыІэтэкъым, ауэ си тхьэкІымэхэм зэхахат куэд лъандэрэ сызэжьэу си гущІэм щызгъэфІа псалъэ Іэфыщэхэр! Сэ нэхъ нэхъ насипыфІа дунейм темыту, си адэ-анэр хьэтэджыжауэ къысщыхъуат а дакъикъэм!

- Къоджак къожьи щымыІэу, къыщыпплъэри умыщІэу, жэуапныигъэ щІэпхь унагъуэри пкІэрыщІауэ адэжь щыналъэм къытебдзэу укъэкІуэжьныр дзыхьщІгъуэджэтэкъэ-тІэ, Шухьэиб? Дауэ къыппежьа хэкужьыр, ари а цыхуэхэр?

- Дауи, гугъуехьи лъэпощхьэпо куэди цыхур хуэзэ къэнэ дзэм къэна, фэтэр, гъжьаІэ Іэнатіэ щихъэжькІэ. Абыхэм ящыщ зыгуэри си деж-кІэ гугъуехьтэкъым. Нэхъыщхьэр - си Хэку сыщыпсэуну хуитыныгъэ зэрызиІэрт, си адэми, сэри, дэ тхуэдэ хэхэс минхэми диІа хъуэпсапІэр нахуапІэ зэрыскуэхьурт.

Къъухьпатэм уафэгум зырызыщІэтым къыдзкІуэу, сигури хэхъуэу къысщыхъурт, си бгъэчым имыхужу. Сэр нэхъ насыпыфІэ уафэмрэ щІыпІэмрэ яку къызэрыщамыльхуами шэч лъэпкъ хэлътэкъым!

Тхьэм и фЫщІэкІэ, лжжьапІэ Іэнатіи къысхуагъэтащ, псэупІэ уни къыдатащ. СощІэж: ХьэфЫщІэ Мухьэмэд дзэм къулыкъу щищІэу, лъагъунльагъу хъэкІуэжати, я деж мыкІуэжу си унэм къеблэгъауэ щытащ. Абы и фЫгъэкІэ аргуэру ди Іуэхур ефІэкІуауэ щытащ.

Хъарзынэу сопсэу. ХьыджэбзитІ къытщІэхъуащ унагъуэм: Тамарэрэ Мусльимэтрэ (си анэм и феплъу фІэсщащ). Абыхэм я щІэбли, Тхьэм и фЫщІэкІэ, тлъэгъащ. Си пхъурылъхуэху Іэмирэрэ Динэрэ, абыхэм я бныжхэу Айдэмыр, Іэминат, Алий сымэ си гъащІэр схуагъэІэфІ. Хуабжьу сыщогуфІыкІ абыхэм я дэтхэнэ ехьулІэныгъэмэ.

- Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ гъэнщІа гъащІэ гъэзгуанэ зэпыпчащ, Шухьэиб. Уи илъэсхэм уарилъэжмэ, сытыт абы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъауэ, и купщІэу щытауэ къэпльыытэр?

- ЩІалэгъуэ ныбжьым сызэрит лъандэрэ зихъэжакъым абыкІэ сиІа епльыкІэм: Хэку уиІэныщ гъащІэм щхьэхъущхьэ дыдэр! Сабийр зеиншэкъым, адэ имыІэжми. Абы зеиншафэ къыщытеуэр и анэр къыщыщІэсщымытыжьым дежщ. Хэкурн анэри зыщ цІыхум и деждкІэ. Си анэм и куэщІ щабэ уису зэрыпІым хуэдэ дыдэу, Іэфщ уи адэжь лъахэ ущыпсэунри.

Сэ си ныбжьыр здынэсам, ноби сирикъуакъым ди лъахэм щызэрыщыпсэуамкІэ, абы щысІалъгъу псори: цІыхухэри, щІыуэпсри, ди уафэри, ди щІылъэри - ноБэ япэу сІльагъум хуэдэу си псэм къыщуохъу. Адыгэм и деждкІэ ахэр фІыгъуэ мыльытэщ!

- Упсэу, Шухьэиб. Уи быным, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэ дахэм куэдрэ Тхьэм ущыхьэщІгъэт! Адэжь хэкум Тхьэм гу щыуигъахуэ.

Епсэнэр

ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

хэмылъу, яхэтагъэнкъым адэжь щыналъэм гур икъуэу къыхуемылъэкІыжа. Уеблэмэ уэ хамэщІ къыщылъхуами, уи псэр мыбыкІэ къеІэн зэи щигъэтакъым. А гурыщІэр лъым хэт адэ щІэину къыпхуэнауэ къыщІэкІынт, Шухьэиб...

- Хэкурн псэри зы чысэм илъщ, хэкурн укъэзылъхуа анэри а зы къуэпсымкІэщ адыгэгум зэрыпыщІар. Абыхэм зэхэдз лъэпкъ яІэкъым.

Хэкужьым Іэхур щызэтеІэфІэжа хъумэ, къагъэзэжыну я мурадат куэдым, дауи. Си адэшхуэ Абеикъуэ Мухьэмэди абы щыгугъыпхуэ, и бныр иплащ, хэхэс гъащІэм хигъэуващ, ауэ зэи ящигъэгупщакъым хы адрыщІымкІэ Хэкурэ лъэпкърэ зэрыщаІэр. Апхуэдэу дэри дыкъигъэхъуащ ди адэм.

Хуэмейуэ ирашат а тхьэмыщкІэр. Унагъуэм зызэщІакъуауэ, я шыгу-выгури зэщІэщауэ екъэнрэ пэт, Мэзан уэбзэх-щІыбзэх хъуащ. Ар къалтыхъуауэ щытащ зы жэщ-зы махуэкІэ, анэшым зыщІигъэпщкІуауэ къагъуэтыжри, я ГъусэУ ирашэжьат.

Адэжь хэкум теухуауэ ищІэж псори къигубзыгъыжурэ къыджиІэжырт адэм. Сэри сигури си псэри етауэ сыхущІэкъурт апхуэдэ хъыбар нэхъыбэІуэ абы къызэрыпкъырыхьынм. Езыми ар и гуапащэ хъурти, зэман хэхаи имыІэу игу къыщыдридзэй дакъикъэм иублэрт и хъыбархэр. Ар тепсэлъыхьырт Бахъсэн ауэдж ГунапкъэншэУ къызэрыпщІыхъум, щІымахуэм ар щыщтым и деж абы зэныбжьэгуъэм чын къыщрахуэкІыеу зэрыщытам, адэкІэ-мыдэкІэ къыщыкІ щхъуантІагъэм хуэдэ адэжь хэкум фІэкІа нэгъуэщІ щІыпІэ зэрыщымыІэм, и щІыхуэм хуэдэ зэрыгъуэтыгъуеиМ... Апхуэдэхэм деж сэ къысщыхъурт зэи сымыльэгъуа псыхъэшхуэм мывэ абрагъуэхэм сателъэсатепкІэу къыщызэжьиху, сыщІэхъуэпсырт, си адэм хуэдэу, сэри мыл гущІыІум чыныр вууз къыщІесхуэкІыну, мэракІуащхьэм сытесу ихъуреягъыр къэсплъхьэу, къудамэкэр си хъыринэу сыфІэлъэну... КъысфІэщІырт си адэм зи гугъу къысхуищІ Іуащхьэмахуэ къыщІэж псынэ щІыпІэр зэнэзэнысу си джийм ежьхьу, акъужь къабзэмкІэ тхъэмбылым щызу сибауэу... Си щхьэм гупсысэрэ хъуэпсапІэу щызэбгыжьым щІэи гуни яІэтэкъым. Абдеж си гум къыщыуышпащ Хэкум Іэмал имыІэу къызэгъэзэн мурадыр. Иджы сызэрыадыгэр сщІэ къудей мыхъуу, ар си гумрэ си псэмрэ, си Іэпкълъэпкъым и лъэнтхуэ псоми щыгъэбыдауэ хэль лъы налъэт си дежкІэ. А псоми къадзкІуэу, гушхуэныгъэ ин къысхилъхьэрт спкърыльэ хэкупсэ гурыщІэ лъэщым.

- Апхуэдизрэ зи ныжь уита Іуэхугъуэр дауэ къохъулІа-тІэ? Хэт сэбэп къыпхуэхъуар?

- 1972 гъэм и бжьыхьэр екІуэкІырт. СССР-м ниКІа гупшысхэм яхэту Иорданием нэкІыат хэкупсэ нэс, жэнэтыр дунейкІэ къэзылэжьа Хьэфыщ Іэ Мухьэмэд. ХьэщІэхэр едгъэблэгъат Иорданием щызэхэт Адыгэ ФЫщІэ Хасэм. Іуэхур хъунумэ, араксъ... Сэ сыпэрытысхьа хъущ ХьэфЫщІэ Мухьэмэдрэ СССР-м и къэрал консулу Иордание пащтыхьыгъуэм а лъэхъэнэм щыІамрэ зыпэрыс Іэнэм. Хэкум ехьэлІауэ сиІэ гурыльхэмрэ гукъеуэхэмрэ си нэгум къыщІэкІынти, «Фи Іуэхухэр дауэ щыт?» - жиІэу Мухьэмэд къызэрызэпщІу жеСІащ си адэжьхэм я лъахэм згъэзэжыну илъэси 6 лъандэрэ яужь сызэриту ирикІар ар къызэрызэмыхъулІэр, щхьэусыгъуэ хэхаи къызжамыІэу. Си тхьэусыхафэр къыбгъэдэс посолым жриІэжащ ХьэфыщІэм икІи елъэІуащ хуэзфІэкІымкІэ ар къызэдэІэпыкъуну. Консулым абдеж сыкъыщигъэгугъащ мазищым къриубыдэу жэуап къысІоригъэхьэну: хуит сыкъащіми, лъэпощхьэпо щыІэми щхьэусыгъуэр къыхэжиІэну.

А мазэхэр сэ зэрызгъэкІуар зыщІэр Тхьэшхэм и закъэущ. Си псэр дзапэкІэ зыІыгъым сыхуэдэт.

Консулым и деж пщэдджыжьым сыкІуэн хуейуэ пщыхьэщхьэм хъыбар къысІэрыхьат. А жэщым сыту куэд зззгъэзэхуат сэ. Уо-о-о! Си гъащІэр адэкІэ зэрыхъунур убзыхуэ щыхъуну махуэр хъсат: е си хъуэпсапІэм сыпъэІэсыну-рэ дунейкІэ жэнэтым сыкъыщыхутэнут, е гъащІэр схуэзыгъэнэхуу уи гум къридз хъуаскІэ закъуэр уфЫнкІынут...

Нэху схуэмыгъэщу сыІухьащ консульствэм и бжэІупэм. Куэд дэмыкІыуи сыІуагъэщІащ сызыхуэкІуа къулыкъущІэм. Абы и нэгум хэрих нурымкІэ сэ занщІэу къызгурыІуат си Іэхуур фІы гуэр зэрыхъуар, арщхьэкІэ си гур темыпІэу бгъэгум икІэзызыхьыт. «Абеикъуэ Шухьэиб Мэзан и къуэ. Нобэ къыщыщІэдзауэ хуитыныгъэ уиІэщ СССР-м ухуеймэ ущыпсэуну, ухуеймэ пІалъэ гуэркІэ ущыІэу Иорданием къэзгъэзэжыну», - къызжиІащ абы тхьилъ гуэркэр къысхуишІыри.

Уо-о-о! Сыт хуэдизрэ сежьат сэ а псалъэхэм! Си нэр нэпс шыугъэхэм ягъаплъэртэкъыми, слъагъу щыІэтэкъым, ауэ си тхьэкІымэхэм зэхахат куэд лъандэрэ сызэжьэу си гущІэм щызгъэфІа псалъэ Іэфыщэхэр! Сэ нэхъ нэхъ насыпыфІэ дунейм темыту, си адэ-анэр хьэтэджыжауэ къысщыхъуат а дакъикъэм!

- Къоджак къожьи щымыІэу, къыщыпплъэри умыщІэу, жэуапныигъэ щІэпхь унагъуэри пкІэрыщІауэ адэжь щыналъэм къытебдзэу укъэкІуэжьныр дзыхьщІгъуэджэтэкъэ-тІэ, Шухьэиб? Дауэ къыппежьа хэкужьыр, ари а цыхуэхэр?

- Дауи, гугъуехьи лъэпощхьэпо куэди цыхур хуэзэ къэнэ дзэм къэна, фэтэр, гъжьаІэ Іэнатіэ щихъэжькІэ. Абыхэм ящыщ зыгуэри си деж-кІэ гугъуехьтэкъым. Нэхъыщхьэр - си Хэку сыщыпсэуну хуитыныгъэ зэрызиІэрт, си адэми, сэри, дэ тхуэдэ хэхэс минхэми диІа хъуэпсапІэр нахуапІэ зэрыскуэхьурт.

Къъухьпатэм уафэгум зырызыщІэтым къыдзкІуэу, сигури хэхъуэу къысщыхъурт, си бгъэчым имыхужу. Сэр нэхъ насыпыфІэ уафэмрэ щІыпІэмрэ яку къызэрыщамыльхуами шэч лъэпкъ хэлътэкъым!

Тхьэм и фЫщІэкІэ, лжжьапІэ Іэнатіи къысхуагъэтащ, псэупІэ уни къыдатащ. СощІэж: ХьэфЫщІэ Мухьэмэд дзэм къулыкъу щищІэу, лъагъунльагъу къыхуежати, я деж мыкІуэжу си унэм къеблэгъауэ щытащ. Абы и фЫгъэкІэ аргуэру ди Іуэхур ефІэкІуауэ щытащ.

Хъарзынэу сопсэу. ХьыджэбзитІ къытщІэхъуащ унагъуэм: Тамарэрэ Мусльимэтрэ (си анэм и феплъу фІэсщащ). Абыхэм я щІэбли, Тхьэм и фЫщІэкІэ, тлъэгъащ. Си пхъурылъхуэху Іэмирэрэ Динэрэ, абыхэм я бныжхэу Айдэмыр, Іэминат, Алий сымэ си гъащІэр схуагъэІэфІ. Хуабжьу сыщогуфІыкІ абыхэм я дэтхэнэ ехьулІэныгъэмэ.

- Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ гъэнщІа гъащІэ гъэзгуанэ зэпыпчащ, Шухьэиб. Уи илъэсхэм уарилъэжмэ, сытыт абы нэхъыщхьэ дыдэу хэлъауэ, и купщІэу щытауэ къэпльыытэр?

- ЩІалэгъуэ ныбжьым сызэрит лъандэрэ зихъэжакъым абыкІэ сиІа епльыкІэм: Хэку уиІэныщ гъащІэм щхьэхъущхьэ дыдэр! Сабийр зеиншэкъым, адэ имыІэжми. Абы зеиншафэ къыщытеуэр и анэр къыщыщІэсщымытыжьым дежщ. Хэкурн анэри зыщ цІыхум и деждкІэ. Си анэм и куэщІ щабэ уису зэрыпІым хуэдэ дыдэу, Іэфщ уи адэжь лъахэ ущыпсэунри.

Сэ си ныбжьыр здынэсам, ноби сирикъуакъым ди лъахэм щызэрыщыпсэуамкІэ, абы щысІалъгъу псори: цІыхухэри, щІыуэпсри, ди уафэри, ди щІылъэри - ноБэ япэу сІльагъум хуэдэу си псэм къыщыуохъу. Адыгэм и деждкІэ ахэр фІыгъуэ мыльытэщ!

- Упсэу, Шухьэиб. Уи быным, абыхэм къащІэхъуэ щІэблэ дахэм куэдрэ Тхьэм ущыхьэщІгъэт! Адэжь хэкум Тхьэм гу щыуигъахуэ.

Епсэнэр

ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Шухьэиб и шыпхъум и къуэ Нэхущ Хьаний, Нэхущ Чэрим.

И пхъурылъхуэ Іэмирэрэ абы и бынхэмрэ.

БЕЗЫР Чэмал Константин и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщІныгъэ игъэтащ. Дунейм екьжащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, республикэм и Къарал саугъэтыр зрата, Кавказ Ищхьэрэм и Кинематографистхэм, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэта, тхаКІуэ, режиссёр, телепубликат Безыр Чэмал Константин и къуэр.

Зэрылажьа илъэс 50-м къриубыдэу абы трихащ фильм пщІы бжьыгъэхэр, киноочеркищэхэр, къыщалъхуа республикэмрэ абы щыпсэуэхэмрэ ятеуэху репортажрэ хъыбарыщІэ нэтыну минхэр. Союзпсо каналхэмкІэ къагъэлъэгъуащ «Налшык зыгъэпсэхупІэр», «Рулыр зыІыгъ цІыхур», Іуэхур дэкІыным хуэщхьэпэ джэгукІэхэр», «Къаблэ, мафІэ щхъуантІэ цІыкІу», «Къуршыщхьэр сыт щыгъуи пльагъныр» зыфІищахэр. «Сыт щыгъуи гъуэгу тет», «Адэжьхэм я щІыналъэ», «Топхэм я къалэнхэр яхъуэж» фильмхэр инджылызбзэкІэ зэрадзэкІри, Евровидениемрэ ИнтервидениемкІэ къагъэлъэгъуащ.

Безыр Чэмал жьыджэру хэтащ щІэблэр егъэджэн Іуэхуми жылагъуэ лэжьыгъэми. Ар КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къегъэщІылІауэ лажьэ Нэхъыжьхэм я советым хэтти, емызэщу хэлэжьыхьащ абы къыщрахьэжьэ Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр Безыр Чэмал и унагъуэм, и Іыхьлыхэм яхуогузавэ.

● Футбол

Урысейпсо утыкум пщэдей йохьэж

Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэжр мазиплІым щІигъуауэ зыпэплъэ Іуэхугъуэр пщэдей къэхъунущ - «Спартак-Налшыкыр» урысейпсо зэхьэзэхуэм хыхьэжынущ. Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къэхьыным теухуауэ зэпеуэм и 1/256-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ абы ди стадионым къыщригъэблагъэнущ «ЕсэнтІыгур».

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, мыгувэу щІэзыдзэну зэхьэзэхуэхэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» иджыблагъэ зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ Есэнтіыгу кьалэм щыдригъэкІуэкІат бэрэжьей къакІуэм зыхрхуэрэгъу къахуэхъунухэм. Абы ди щІалэхэр бжьыгъэшхуэкІэ, 5:0-у, щытекІуащ икІи а Іуэхугъуэфым адэкІи къыпащэну дыщогугъ. «Есэнтіыгур» пщдей къагъащІэмэ, налшыкдзсхэр Ставрополь кьалэм щыпІэ «Динамо»-м щадзджэгнущ.

Мазэм щІигъуауэ зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» ар хъарзынэу кьехъуІауэ фэ тетщ. Апхуэдэ гугъэ уегъэщІ иригъэкІуэкІа. Зэныбжьэгъугъэ зэІущІищми зэрыщытекІуам. Черкесск и «Интер»-мрэ (3:0) «Есэнтіыгумрэ» (5:0) кьадзкІуэу ди щІалэхэм блищхьэ кІуам хагъэщІащ «Мэзыкъуэ-КМВ»-р.

Псыхуафэ и стадионым бадзэуэгъуэм и 27-м щызэпэщІэувахэм къапщытэжьын хуейт мыгувэу щІэзыдзэну зэхьэзэхуэм зэрыхъэхъэзыр. Дауи, абыхэм джэгуПІ губгъуэм кьрагъэхьахэр нэхъ зыщыгугъэхрат. «Спартак-Налшыкыр» къапщтэмэ, апхуэдэхэт гъащІэхьэтет Антиповыр (75-нэ дакъикъэм ар ихъэжащ Кьардэным), гъащІэхьэхуэмэхэу Шумахуэр, Шаваевыр, Мэкъуауэр (Ольмезовыр, 72), КІэдыкІэрыр, гъащІэхьэхуэмэныкъуэхэу Джатэрыжэр (Дзэхъур, 70), Іэпщацэр (Торосян, 80), Пащтыр, гъащІэхьауэхэу Ашур (Бахъсэнокъуэр, 78), кьыхуэщІэжакъым.

Абы щыгъуэми иужь ди дэ уяІэ ныжьыкІ ящІыпІ. Ди щІалэхэм зэрыгъуэгурыІуэ щІэзыдзэ дзэгугъуэгурыІуэ щыхьэгъащІэу «гупкІэм» кьыщыхуэта «Шэрджэсыр». КьыкіэлъыкІуэ зэІущІитІым щІэдзэмдзэсхэм очкоиплІ щІэзыдзэрагъэхьащ.

ГъащІэхьэхуэм я зэпеуэм бжьыпІэр щиубыдащ «Уряхум» и гъащІэхьэу Тэнащ (Инал. Іэзэхьэхуэм зэрыщІидзэрэ ар 6 кьыхэжаныкІащ.

АдэкІэ фыщІыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зи чэзу зэІущІэхэм кьарикІуа бжьгъэхэм: *ещанэ джэгуГъуэ*: **«Шэджэм-2»** - (Шэджэм и ЕтІуанэ) - **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **2:4**, **«Налшык»** (Налшык) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **2:0**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Малка»** (Малкэ) - **2:2**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **0:3**, **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **«ЖьэтІохъущыкъуей»** (ЖьэтІохъущыкъуей) - **2:2**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Уряхум»** (Уряхум) - **2:1**, **«Исльэмей»** (Исльэмей) - **«Родник»** (Псынтэхэ) - **2:5**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **8:1**; *еплІанэ джэгуГъуэ*: **«ЛогоВАЗ»** - **«Энергетик»** - **0:3**, **«Малка»** - **«Бахъсэн»** - **5:3**, **«Родник»** - **«Нарт»** - **2:0**, **«Къундетей»** - **«Тэрч»** - **0:3**, **«Уряхум»** - **«Исльэмей»** - **0:0**, **«ЖьэтІохъущыкъуей»** - **«Налшык»** - **2:1**, **«Инал»** - **«Шэрджэс»** - **2:4**, **«Спартак-Д»** - **«Шэджэм-2»** - **6:1**.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Пашэр къыхоб